

III. EDISI TEKS

I. //Pupuh Dangdanggula 1

- (1) Jisim kuring amimiti amuji,
nya ka Allah nu kagungan bumi alam,
Pangéran alam sakabéh,
Pangéran nu leuwih Agung,
nu maparin sipat rahman,
anu masihan sapa'at,
ka ieu pitutur.
Sanggeusing muji ka Allah
jeung muji ka sakabéh para wali
nu sumaré di Tanah Jawa.
- (2) Jeung kula amiti nulis,
poé Ahad nulis pangangguran,
wantuning kula nu bodo,
neda ka Allah Nu Agung,
wantu kula gedé dosa,
mugi diparin rahmat,
nyuhunkeun tulung nu agung,
neda-neda ka Pangéran anu mantak (?),
kula nyieun ngadangding,
malah mandar meunang sunat.
- (3) Reujeung aya carita beunang nganggit,
ti bujangga ngaran Séh Rahman,
tegesna alim nya gedé.
Waktu sim kuring guguru,
maca carita nu enya,
Séh iyang bari nyandak,
buku nya éta kitab wawacan,
//caritana sanggeus Lokayanti mati, 2
kaburna Raja Nursewan,
- (4) Susahna téh Nursewan kaliwat saking.
Ana iyang ka nagara Nusantara.
Aya sahiji raja kahot,
ngaranna Kendit Birayung,
tegesna perkosa sakti,
matur digjaya tegesna,
Raja Pamuk reujeung Raja,
peryoga teu aya deui raja,
istuning sugih,
- euweuh deui nu ngungkulan,
- (5) Kendit Birayung keur calik na korsi,
jeung baladna pada sukan-sukan.
Para tumenggung ngabaris,
jaksa papatih pangulu,
wantuning keur hanimpunan,
Raja téh kebat mariksa
ka Patih Tanggulun,
Naga Paksi Naga Jalmi jeung Kang
Rai,
nu keur calik wingking
ngaran Malang Sumirang.
- (6) “Patih tadi aing téh bet ngimpi,
aya téja éta sakembaran,
reujeung cai leuwih gedé.”
Patih Tanggulun piunjuk,
“Lamun Gamparan nyupena luang,
sasarina tangtu aya musuh.”
Raja téh kebat timbalan,
“Eh ayeuna Radén Patih ati-ati
ngangken Raja Ponggawa.
- (7) Hanteu //lila Raja Nursewan téh, 3
sumping jeung Patih Bastak,
jeung Radén Nirman pék haruwas-
haréwos.
Raja téh kagét ngaranjug.
Patih Tanggulun sayaga,
samarukan karaman,
atawana rék ngamuk.
“Raja Nursewan haturan jisim kuring
asal ti nagara Madayin,
seja marek ka Gamparan.
- (8) Purwa abdi piunjuk ka Gusti,
malah mandar sugan luntur manah,
sim kuring sumeja naros,
nyuhunkeun seja pitulung,
saréhing jisim abdi,
eukeur susah kabina-bina,
nyuhunkeun ditulung,
madak lamun rempag jisim kuring,
jeung kersa seja bakti,

- anak abdi Siti Munigar.
- (9) Anu mantak jisim kuring,
Anadya (?) reujeung Patih Bastak,
Paman sumeja ngabdi raga.
Baktos raja téh kebat,
ngawangsul ka éta raja.
“Nursewan naon kasusah sampéan,
atawana aya musuh?”
Raja téh lancer (?) manahna pék
ngadawuh,
ka éta Raja Madayin.
“Kawula nanggung kasusah.
- (10) //Sareng éta patih jisim kuring, 4
Patih Bastak sarua pihaturna,
sumeja kitu kénéh,
boga mantu nu burung,
ngaranna Ki Umar Maya,
gawéna solat jeung dikir to’at.
Tah kuring nu mantak giruk,
saupama enggeus modar Umar Maya ,
jisim kuring seja bakti,
sanggup cara kapungkur téa.
- ## II. Pupuh Pangkur
- (1) Raja téh barobah manah,
midanget pihatur Raja Madayin.
Raja bungah liwat langkung.
Tuluy raja miwarangan
pék ngumpulkeun balad sakabéh
serdadu,
sarawuh Malang Sumirang,
Naga Paksi Naga Jalmi.
- (2) Nu aya di awang-awang,
enya éta nu ngaranna Naga Jalmi,
nu bisa ngapung ka luhur,
nu nunggang Malang Sumirang,
leuwih gagah tapi jalmana téh bunting,
pakarangna cambeti kawat,
ilang-ilang taker bumi.
- (3) Ari nu aya di darat,
enya éta dulurna Tanggulun Patih,
gagah perkosa kalangkung,
reujeung nu aya di handap,
Naga Paksi dulurna Kendit Birayung,
ari nu gagah perkosa,
jeung sakti liwat binangkit.
- (4) Ti dinya pék mapag bala,
reujeung //Jéndral Kornél reujeung
Turki, 5
serdadu saratus tambur,
obat upas reujeung Jayeng,
Surantaka pupu umbul-umbul,
raja téa kakurang,
geus pepepek sadia baris.
- (5) Mangkatna ti Nusantara,
ramé pisan sadyia tumbak jeung bedil,
serdadu surak ngaguruh,
réyog wayang gandang seja,
jeung biola toroktok mawa tambur
celempung,
sawaréh gamelan ramé pisan,
disada pating jarerit.
- (6) Umbul-umbulna melengkung,
lawé ronték nu tiheula gulang-gulang,
ngaberig-berig lumpat ti payunna,
Kanjeng Raja nu ti tengah,
nu ngiring bakti-bakti.
- (7) Hanteu digurit raména,
urang catur gancangna nepi ka nagri.
Balad Arab urang catur,
Raja Arab Jayeng Rana,
Umar Maya sadaya keur pada kumpul,
Raja Maktal Raja Komar,
Raja Marjan Umar Madi.
- (8) Bagénda Hamzah ngandika,
“Kakang Umar kula peuting tadi
ngimpi,
kaunggulan banyu.”
Umar Maya walonan,

- cara Kakang pet peuting tadi nya kitu,
nagri Arab kahuruan,
méh béak ka sisi-sisi.
- (9) //Mar Maya gancang ngandika, 6
“Ayeuna téh urang muru ati-ati,
alamatna datang musuh.”
Patih Maktal ditimbalan,
“Ayeuna Patih manéh mudu istu,
béjakeun ka raja-raja,
urang mudu ati-ati.”
- (10) Sultan Amir Jayeng Rana,
manéhna téh kaliwat saking nya
pusing,
ngandika ka Ki Lamdaur,
saréhing Raja Perkosa,
taya deui raja nu leuwih pamuk,
dadana téh opat éstu,
kulukna jolongjong beusi.
- (11) Raja panggedéna pisan,
teu aya deui ngan éta Raja Surandil,
raja téh istuning pamuk,
kumis daplang sangadulang,
awak jembar dada gedé jangkung
luhur,
Raja Gandang Bandawasa,
kulukna saratus dacin.
- (12) Urang Arab keur kumpulan,
jeung sadaya Jaksa Pangulu papatih.
Hanteu lila aya nu rawuh,
Patih Nusantara téa,
nya éta nu ngaran Patih Tanggulun,
torojog tanpa larapan,
teu nyandak réncang sahiji.
- (13) Perbu Arab Jayeng Rana,
kagét pisan ningali aya nu sumping,
Umar Maya gék ngaranjuk, 7
agéhan //songong pisan,
Umar Maya mariksa barina nangtung,
“Manéh sémah urang mana
nu mantak datang ka kami?”
- (14) Ki Patih kebat ngandika,
“Ieu kula piwarangan Kanjeng Gusti,
ku Raja Kendit Birayung,
piwarangan nyanggakeun serat,
seug dibuka serat tina hurup kampil,
ditampa ku Raja Maktal,
diwaca ku Radén Patih.
- (15) Ari sajeroning serat,
poma ulah gedé manéh leutik ati,
kami téh seja ngarurug,
ti nagara Nusantara,
pék gambarkeun Kota Béntang Alun-
alun,
kentelkeun balabar kuat,
sadiyakeun tumbak bedil.
- (16) Bisi manéh kurang obat,
geura nguyang ka dieu ka imah aing,
bisi manéh kurang-kurang,
Ki anu paramuk,
awéwé geura cawetan,
sina manggul tumbak bedil.
- (17) Karungu ku Raja Maktal,
wantu-wantu Maktal téh tadaka
ngabati,
suratna geuwat direbut,
ku Maktal dibedah-bedah,
sok diteundeun diwadahan kana
kémpol,
Raja Maktal geregetan,
Patih Tanggulun dibanting.
- (18) //Patih téh jopak sapisan, 8
hanteu éling rasana satengah mati,
rasa sakabéh alundur,
Patih tunggu kapaéhan,
nya éta nu ngaran Patih Tanggulun,
Ki Patih éling iyatna,
ambekna wani ngagidir.

- (19) Ti dinya Patih seug angkat,
gagancangan seja matur ka Gusti,
ka Raja Kendit Birayung.
Raja téh kebat mariksa,
“Na ku naon manéh téh Patih
Tanggulun,
sia téh bet bangkawarah,
wani megat kerok aing.”

III. Pupuh Magatru

- (1) Gancang raja marahna ngagudag-gudag,
ambekna kaliwat saking,
ningali Patih Tanggulun,
rasana dihina teuing,
hok malihok bari nyenghor.
- (2) Kanjeng Raja kebat mariksa Serdadu,
ka antéro mantri-mantri,
reujeung jaksa jeung tumenggung,
sumawonna baris peryayi,
kumendang laknat asésor.
- (3) Ayeuna téh ulah kapalang nya mampuh,
aing wirang liwat saking,
ari ras ditangtang musuh,
kawas lain ratu sakti,
aing téh bet abong-abong.
- (4) Dulur aing ka dieu kabéh karumpul,
Naga Paksi Naga Jalmi,
aing //téh kacida giruk, 9
aing hanteu sudi teuing,
da aing raja téh kahot.
- (5) Naga Paksi Naga Jalmi geus karumpul,
Malang Sumirang perjurit,
ngarandang mamawa pecut,
wantuning perjurit sakti,
hanjakal leumpangna gémpor.
- (6) Gancang raja éta Kendit Birayung,
ngandika ka Naga Jalmi,
manéh ngajaga di luhur,
jeung Malang Sumirang deui,
tapi manéh mudu istu.
- (7) Naga Paksi sarawuh Patih Tanggulun,
“Manéh kudu ati-ati,
sing wani ngalawan musuh,
ulah rék gimir saeutik,
lamun aya musuh santok.
- (8) Naga Paksi ngajawab, “Abdi sumuhun,
masing percanten ka abdi,
ulah bon musuh nya kitu,
dua tilu kitu waé,
abdi moal weléh nyantok.
- (9) Kanjeng Raja miwarangan nakol
tambur,
bari sadia perjurit,
surakna wé ngaguruh,
wantuning loba perjurit,
gendang penca jeung tajidor.
- (10) Balad kapir nagogna wani ngaguruh,
nangtang balad Jayeng Patih,
karungu ku Ki Lamdaur,
sumawon ku Umar Madi,
Umar Maya nyandak kantong.
- (11) Raja Maktal kebat //unjukan ka ratu10
Pék mariksa Kanjeng Gusti,
rupama téh geuwat rusuh.
Gancang Maktal matur deui,
“Sim abdi sumeja narosan.
- (12) Mawi abdi ngadeuheus ka Kanjeng
Ratu,
di luar aya perjurit,
rék ngaruket ka ratu,
musuh téh liwat barai.”
Sultan téh kebat ngawalon,

- (13) “Ayeuna téh geura kumpulkeun Serdadu,
masing-masing perjurit,
Raja Kema jeung Lamdaur,
Raja Marjan Umar Madi,
Abdul Komar Hok Mulihok.”
- (14) Urang Arab geus natakeun serdadu,
barina sadia baris,
sadaya enggeus panuju,
kalantaka reujeung bedil,
tumbak cagak reujeung péstol.
- (15) Urang Arab ngarungu surak ngaguruh.
panangtang perjurit kapir,
mariyem pada diadu,
sumawonna para Nyai,
anu sepuh anu anom.
- (3) Malang Sumirang suka manah,
bari nunggang Naga Jalmi,
naga éta leuwih awis,
bari mipir méga putih,
“Naga manéh ati-ati,
ku aing mangga dipecut!”
Malang Sumirang iyatna,
nyalindungna méga putih,
Umar Maya disabet ragrag ka Gunung Waja.
- (4) Kantong pegat di awang-awang,
wantuning kasang nu sakti.
Kasang téh tuluy ngalayang,
mulihna ka Nabi Hidir.
Nabi téh kagét ningali,
“Ku naon kasang téh ucul?”
Nabi Hidir pék ngamanah,
“Na ku naon incu aing?”
Palangsiang Ki Umar Maya cilaka.”

IV. Pupuh Sinom

- (1) Urang Arab tinggolétak,
rék méh béak marar ati,
sadaya teu aya nu kuat,
kasambut ku balad kapir.
Ari nu aya di bumi,
Naga Paksi jeung Tanggulun,
ari nu di awang-awang,
Sumirang jeung Naga //Jalmi, 11
anu mantak balad Arab hanteu kuat.
- (2) Kacaturkeun Umar Maya,
ningali balad perjurit,
susahna kabina-bina,
ambekna mangguh ngagidir,
amarah kaliwat saking,
belesur ngapung ka luhur,
ngalayang di awang-awang,
pacampur jeung méga putih,
Malang Sumirang teu katingali ku Umar Maya.
- (5) Tunda carita Mar Maya,
urang catur deui,
bab perang ramé pisan,
balad Arab hanteu mahi,
samalah Ki Umar Madi,
//Raja Komar jeung Lamdaur, 12
sumawonna Abdul Komar,
sadayana suka ati,
Patih Maktal gancangna lapor ka raja.
- (6) Kagét Perbu Jayeng Rana,
mariksa ka Maktal Patih,
bari ngahareupan méja,
“Kumaha Patih Perjurit?”
“Kawulanun jisim kuring,
kasusahan liwat langkung,
saréhing téh raja-raja,
raja nu saratus nagari,
ayeuna téh sadaya teu aya nu kuat.

- (7) Raja Gamparan Mar Maya,
 ayeuna téh Gusti sepi,
 duka ka mana angkatna,
 geus hanteu aya di nagari.
 Tah kitu piunjuk abdi,
 nu mantak susah kalangkung,
 lamun aya Umar Maya,
 jisim kuring gedé ati,
 anu mawi abdi téh susah kacida.”
- (8) Bagénda Hamzah ngandika,
 ka putrana Radén Mantri,
 “Suwangsa masing iyatna,
 ayeuna Ama rék indit,
 agur masing ati-ati,
 nya ngajaga di karaton.”
 Siti Munigar lenggah,
 nyampeurkeun ka Kanjeng Gusti.
 “Kanjeng Raja ayeuna masing iyatna.
- (9) Wantuning raja perkosa,
 leuwih gagah sarta sakti,
 hanteu aya nu ngungkulan,
 wantu boga balad jurig,
 antéro teu aya nu mahi,
 //ka Raja Kendit Birayung, 13
 kakontrakkeun raja gagah,
 raja kudu ati-ati.”
 Jayeng Rana ngandika ka Ki Munigar.
- (10) Raja téh gancang nimbalan,
 ka Raja Maktal Papatih,
 “Ayeuna geuwat paréntah,
 ka sadaya perjurit,
 jeung kuda bawa sakali,
 nya éta pun Sekar Diyun,
 parawantu kudana gagah,
 dibawana ku perjurit.”
 Patih Maktal énggal amit
 gagancangan.
- (11) Patih Maktal seug maréntah,
 nyokot kuda ka perjurit.
 Geus kitu tuluy dibawa,
 kuda nu ti Majapahit,
 reujeung beusi purasani,
 serdadu saratus hatur sumangga.
- (12) Geus datang ka istal,
 serdadu saratus jalmi,
 kuda téh tuluy dicandak,
 bari dibawa sakali,
 lima puluh nu ti hareup,
 nu ti tukang lima puluh,
 anu ngaping éta kuda,
 Sekar Diyun suka ati,
 barang dongkap ka payuneun raja
 depa.
- (13) Kanjeng Raja geus sadia,
 kawantu raja perjurit,
 wantu raja leuwih gagah,
 raja langkung barai,
 wantu putra Abdul Mutolib,
 istuning yén raja pamuk,
 jenengan Bagénda Hamzah,
 //gadana saratus dacin, 14
 nya éta ngaran Gada Sanggadiman.
- (14) Jeung panunggul naga,
 pecutna cameti rukmi.
 Sekar Diyun enggeus pasang,
 lajeng dipencal sakali,
 leumpangna téh bari nyirig,
 nya éta pun Sekar Diyun,
 disada ngahowang-howang,
 wantuning kuda perjurit,
 Raja Arab leuwih suka mamanan..
- (15) Kuda Malang sisirigan,
 Sekar Diyun suka ati,
 harita kuda kawas,
 jalmi wantu kuda putra iprit,
 Sekar Diyun téh ningali,
 ngarérét Patih Tanggulun,
 Patih nangtang Jayeng Rana,
 Sekar Diyun leuwih wani,
 Patih saé disépak huluna bencar.

(16) Kocap Raja Nusantara,
wantu raja pada wani,
wantu perang pada raja,
pada gagah pada sakti,
silih banting kuda gajah,
pada campuh Raja Arab téh,
ngandika aing teu gimir saeutik,
Kendit Birayung barina wani
ngagakgak.

kumaha petana Nyai,
Kakang ayeuna téh nulung,
da teu aya geusan percaya,
ngan Nyai nu bakal nguping,
engké malah nyu ayeuna Rai rék
angkat.”

V. Pupuh Kinanti

(17) Ari Raja Nusantara,
tutunggangan gajah putih,
kawantu raja kawasa,
pilih bobot piling tanding,
Jayeng Rana //geus tarapti, 15
gadana lajeng dijungjung,
gadana enggeus ngungkul,
ka huluna gajah putih,
ditinggangkeun kana gajah beulah
duwa.

(1) //Déwi Rengganis piunjuk, 16
pihatur ka Radén Mantri,
ngajawab Radén Suwangsa,
“Nyai kudu ati-ati,
Nyai ulah sambéwara,
énggal-énggal mulih deui.”

(18) Raja Nusantara ragrag,
Naga Paksi tuluy bijil,
ti Sekar Diyun téh awas,
seug ningali kana bumi.
Kuda téh kagét ka Pati,
Sekar Diyun ngejat ngapung,
Bagénda Hamzah téh ragrag,
Naga téh mucuk sakali,
Amir Hamzah hanteu éling kapaéhan.

(2) Rengganis ngapung ka luhur,
ngalayang nyampur jeung angin,
Rai katingal sinjangna,
lalanangan katingali.
Teu kacatur di jalanna,
kacarios geus sumping.

(19) Ku Raja Maktal katingal,
jeung Raja Saratus Nagri,
gancangna pada ariyang,
bari diaping sakali.
Bagénda Hamzah teu éling,
dicandak dirumung-rumung,
barina angkat,
ari geus sumping ka bumi,
Si Munigar midangdam aleungan.

(3) Rengganis gancangna matur,
ka kang Rama geus tarapti,
di patapan Argapura.
rama nyaur semu manis,
ramana gancang mariksa,
“Naon pikersaeun Nyai?”

(20) Katingali ku Dén Suwangsa,
ngarangkul Déwi Rengganis,
“Rai kumaha ayeuna,
Kang Rama téh tangtu mati.

(4) Rengganis gancang sumaur,
“Boro Kanjeng Rama sakti,
teu uninga karep kula,
boro mah turunan nabi,
kawasna lain Pandita,
teu uninga karep kuring.”

(5) Pandita téh lajeng imut,
nimbangan Déwi Rengganis,
sakitu gawé pandita,
“Lain Ama hanteu ngarti,
sémah téh kudu ditanya.”
Nyi Rengganis imut leutik.

- (6) “Ngan Ama méré pituduh,
nudahan ka Nyi Rengganis,
//lain jampéan pun bapa,
sabab bapa teu aya idin,
anu pimanaeun pandita,
ngaran Radén Sumantri, 17
- (7) anu keur tapa di Gunung,
di Patapan Baitil Haz,
budak anom tur digjaya,
kawantu turunan wali,
Gandang Déwa Kunti Sukma,
dipayungan Nabi Hidir.
- (8) Rengganis gancangna matur,
pamitan barina indit,
angkatna téh rurusuhan,
ngajugjug ka Baitil Haz.
Barang datang ka Patapan
Radén Sumantri ningali,
- (9) aya istri alus.
“Na Nyai sumping ka kuring,
rék naon kersa sampéan,
anu mantak Nyai sumping?”
Rengganis gancang walonan,
“Montong dipariksa kuring.
- (10) Keur naon disinjang buuk,
boro papalenggak lenggik,
boro tapa ti bubudak,
teu uninga karep kuring.
Boro béja leuwih asup,
tapi Akang hanteu ngarti.”
- (11) Radén Sumantri téh imut,
ngimutan Déwi Rengganis.
“Ulah kitu kasauran,
da Akang gé enggeus //ngarti 18
Nyai téh ti Nagri Arab,
ngaran Nyai Nyi Rengganis.”
- (12) Nyi Rengganis lajeng imut,
maca Alhamdulillah,
“Sukur pisan muhti ka manah,
pakarepan jisim kuring.
Numawi kuring haturan,
montong dipariksa deui.
- (13) Eh Raka kumaha atuh,
diri kuring asa ngimpi,
jadi ngajampéna bugang,
panasaran ka Sumantri,
dodol gula sarampadak,
ulah lali ka sim kuring.
- (14) Séndok kurung saba juru,
uwar éwar balik deui,
daun tuhur di tangkalna,
masing ras ka diri kuring,
anjing rébok saba tegal,
jumarigjig ati kuring.
- (15) Gunting pamelahan jebug,
kacipta ku pikir kuring,
ayam beureum bodas huluna,
moalna melang ka kuring,
hayam tukang saba reuma,
uyuheun tepang jeung kuring.”
- (16) Radén Sumantri téh imut,
semu anu amis budi.
Belut sisit saba darat,
kapilaray beurang peuting,
tiwulan leutik //cangkangna, 19
pulang anting balik deui.”
- (17) Radén Sumantri jung lungsur,
bari nyandak jimat ali,
reujeung nyandak jimat panah,
nyampeurkeun ka Nyi Rengganis.
“Nyai ulah asa-asa
nya Nyai tamba ka kuring.

- (18) Tapi naon Nyai sanggup,
pun Kakang téh hayang nguping,
sumangga ku Nyai jawab,
Kakang sumeja rék nguping.
Lamun waras tuwang Rama,
naon pikersaeun Nyai?"
- (19) Déwi Rengganis téh imut,
ngajawab Radén Sumantri.
"Saupama Rama waras.
sim kuring rék pasrah diri.
seja kuring kumawula.
dohir batin Gusti kuring."
- (20) Radén Sumantri téh nyaur,
ngomongan Déwi Rengganis.
"Nya sukur Alhamdulillah,
lamun kitu karep Nyai,
Kakang téh seja ngiringan,
kana pikersaeun Nyai.
- (21) Jisim kuring gaduh duyung."'
Saurna Radén Sumantri,
"Meunang meuli ti Calacap,
dibeuli ku munding siji,
matihna kabina-bina,
//tara dua tilu kali. 20
- (22) Kuring ogéh boga manuk,
luhurna Déwi Rengganis,
duka pingAmateunana,
silokana apék leutik,
duka mun salira Engkang ,
sumarédét pikir kuring."
- (23) Ti dinya téh udag catur,
Nyi Ranganis arék mulih,
sejana mulih ka Arab.
Enggeus dangdan Nyi Rengganis,
leumpangna ka awang-awang,
pacampur jeung méga putih.
- (24) Nyi Rengganis teu kacatur,
kacarios anu tadi.
Umar Maya basalra,
gék kantongna pegat sakali,
kacarita kantong kasang,
mulihna ka Nabi Hidir.
- (25) Nabi Hidir urang catur,
saréh aya kasang sumping,
kantongna Ki Umar Maya.
Ditingali ku Nabi Hidir,
kantongna lajeng dicandak,
Kanjeng Nabi ngaos dikir.
- (26) "Lailahaillahlah,
Ya Allah Ya Rasulallah,
naha wet kabina-bina.
Na ku naon incu aing,
tangtuna meunang cilaka,
tingal keur tegang ati."
- (27) Gancang Nabi Hidir turun,
turun ka Gunung Surandil,
//ditingali hanteu aya. 21
"Na ka mana incu aing?"
Ningali ka Gunung Waja,
Umar Maya katingali.
- (28) Umar Maya urang catur,
bari sasambat ka Nabi,
maca Laholawalakuwata,
Billahilaliyilazim,
"Na ka mana Kanjeng Eyang,
naha hanteu geura sumping?"
- (29) Bagénda Hidir ngadawuh,
barina nancebkeun encis.
Gunung téh ngadadak beulah,
Umar Maya katingali.
Umar Maya didawuhan.
"Endé Patih incu aing."

- (30) Mar Maya hanjat ka luhur,
nyampeurkeun ka Nabi Hidir,
maca Salamu'alaika.
"Alaikum Salam incu aing,
Kanjeng Eyang ngahaturan,
nuhun pisan incu aing."
- (31) Umar Maya tuluy matur,
piunjuk ka Nabi Hidir.
"Kumaha sim kuring Eyang,
diri kuring asa ngimpi,
aya dina Gunung Waja,
manan poék-poék teuing."
- (32) Bagénda Hidir ngadawuh.
"Manéh ulah leutik ati,
anu mantak kantong pegat,
basa manéh ngapung tadi ,
disabet Malang Sumirang,
pecutna sineker bumi."
- (33) Dulurna Kendit Birayung,
baladna Sétan //jeung jurig, 22
Malang Sumirang téh awas,
manéh anu teu ningali,
anu mantak manéh ragrag,
disabet ku pecut matih."
- (34) Nabi Hidir téh ngadawuh,
Umar Maya ditingali,
sugan rasa boga kasang.
Nabi Umar Maya ningali,
kana éta kantong kasang,
Mar Maya samar ningali.
- (2) Tapi nya datang ka nagri,
tepungan ka Jayeng Rana,
manéh kudu entos-entos.
Perkara Malang Sumirang,
nu aya di awang-awang,
tapi sukuna téh bunting,
tutungangan Naga Jalma.
- (3) Bagénda Hamzah keur gering,
disantok ku Naga Paksi,
disantok kalangkung awon,
laku lampah Jayeng Rana,
kawas lain ratu gagah,
ayeuna ripuh kalangkung,
geuwat-geuwat geura iyang."
- (4) Umar Maya tuluy amit,
nyuhunkeun idin ka Eyang.
Gancangna tuluy ngaléos,
geus datang ka tengah jalan.
Kina //Umar Maya manéh, 23
"Kantong kasang ménta ngapung!"
Belesur ka awang-awang.
- (5) Umar Maya leuwih tarik,
ngapungna di awang-awang,
bari nepak-nepak kantong,
jima isim disoréndang,
leumpangna téh beuki gancang,
jauh kénéh tanwandé cunduk,
anggang gé tanwandé dating.
- (6) Nyi Rengganis catur deui,
Umar Maya urang tunda-tunda.
Boro gancangna carios,
carita anu baheula,
digurit ku nu ayeuna,
lamun teu didangding kitu,
moal heurin caritana.

VI. Pupuh Asmarandana

- (1) Nabi ngadawuhan deui,
nyaur ka Ki Umar Maya.
"Incu aing ieu kantong,
ku manéh geura rawatan,
jeung manéh masing iyatna,
jeung ieu perkara kuluk,
ayeuna geura los bawa.

- (7) Ku Nyi Rengganis geus sumping,
ka nagara Arab téa,
kuda Suwangsa dikaléng,
bari diusap sirahna.
“Nyai datang ngéh Nyai,
kumaha atuh,
Rama téh payah kacida.”
- (8) Rengganis sumegruk ati,
matur ka Radén Suwangsa.
“Raka kudu atos-atos,
perkawis Rai sampéan,
piwarang ku Suwangsa Raka,
aya jarkah sepuh-sepuh,
ayeuna geus meureun damang.
- (9) Meunang jimat jug tingali,
sareng jimat rupa mana,
leuwih jauh enggeusna téh,
//diwadahan kana gelas, 24
paparin ti Kanjeng Eyang,
nyandak bokor sareng lumur,
lajeng ngali dikeueuman.
- (10) Urang Arab téh ningali,
ngalérét Iman Suwangsa.
“Si Nyai téh mawa naon?”
Radén Suwangsa haturan,
“Nyandak ali sareng panah.”
Bagénda Hamzah jut lungsur,
bari nyandak éta panah.
- (11) Tuluy nyandak pinggan putih,
lajeng ali dikeueuman,
diwadahan kana bokor,
tuluy disanggakeun pisan.
Dicandak ku Ratu Arab,
wisa téh sakabéh luntur,
Bagénda Hamzah téh damang.
- (12) Ratu calik dina korsi,
Nyi Rengganis dipariksa.
“Saha nu méré tamba téh,
bet matih kabina-bina?
Ayeuna Ama téh waras.
- Nyi Rengganis téh miunjuk,
“Nun sumuhun dawuh Rama.
- (13) Tamba Nyi Radén Sumantri,
nu tapa di Baitil Mukdis,
nya ku abdi téh diburu,
ngaping pituduh ti Rama.
Ti dinya kuring Nyi Eyang,
nya dongkap kuring ka ditu,
dipaparin ali panah.
- (14) Tapi kuring //gaduh jangji, 25
saupama Rama waras,
jisim kuring nu sayaktos,
sim kuring nyanggakeun badan,
jeung kuring seja ngawula,
masrahkeun diri sakujur,
masrahkeun dunya ahérat.”
- (15) Radén Suwangsa ngadohir,
“Na bet Nyai kitu manna,
kapan kagungan carogé,
masing ras nyaah ka Engkang,
Engkang enggeus meureun nyaah.”
Déwi Rengganis sumaur,
“Da geus kalajuran omongan.”
- (16) Nyi Rengganis leuwih geulis,
geus teu aya papadana,
kasebut jalma randogét,
taktak lir taraju emas ,
panangan mentang gondéwa,
soca kawas béntang timur,
tuurna durén sasigar.
- (17) Di Arab teu aya nu tanding,
ramo mecut rambut panjang,
halis kawas tanggal pindo,
lambey lir manggu rengbat,
pipi kawas keureut malam,
waosna guragu mantung,
kawas paré keur gumunda.

- (18) Imutna pangiruh ati,
salira kawas parade,
eukeur saé tur saréréséh,
hadé ujar ka baraya,
hadé //manah ka sasama, 26
hadé saur ka sadulur,
eukeur geulis tur nonoman.

VII. Pupuh Sinom

- (1) Kacaturkeun Umar Maya,
gagancangan enggeus sumping,
lajeng asup ka Paseban,
tuluy linggih dina korsi,
ku Perbu katingali,
bari maca Asalamu,
jawab “Alaikumsalam,
katuran Raka Dipati,
na ti mana Kang Raka téh lawas pisan?”
- (2) Eh Raka téh méh cilaka,
disabet cambeti mati,
ku ngaran Malang Sumirang,
kudana téh Naga Jalmi,
leumpangna téh cara jurig,
dulurna Kendit Birayung,
nu aya di awang-awang,
paingan taya nu mahi,
Malang Sumirang nyabetna téh cara
gelap.
- (3) Nu di handap Naga Paksi,
cicing dina dasar bumi,
nya éta jurig jeung sétan,
anu nyantok Kakang Rai,
Rai téh méh maéhan mati,
lamun kurang umur,
paingan taya nu kuat,
baladna sétan jeung jurig,
ngéh paingan urang Arab pabulatak.
- (4) Ngandika Bagénda Hamzah,
“Kumaha Raka Dipati,
ayeuna urang ngakalna,
//perkara ngalawan iblis, 27
supaya nu mantak hasil.”
Dén Umar Maya ngadawuh,
ari nu di awang-awang,
ngan Kakang anu barai,
nu di darat ku Rai kudu dipanah.
- (5) Perkawis Si Naga Paksi,
nu aya di dasar bumi,
kudu ku putra sampéan,
ku nu ngaran Nyi Rengganis,
supaya masingna mati,
dipanah supaya mampus.
Ari nu di awang-awang,
keun baé kumaha kuring,
mun can beunang Raka téh paéh
panasaran.”
- (6) Bagénda Hamzah ngandika,
“Bener Raka Dipati,
Rai geus nya kitu pisan,
lamun tacan pék dibasmi,
Rai tacan geunah pikir.
Mangga Kakang urang maju,
ayeuna masing bareunang,
teu burung Raka Dipati,
ayeuna mah sumangga geura paéhan.”
- (7) Den Umar Maya sadia,
gadag-gidig sangkal-singkil,
kantong kasang disoréndang,
bari nganggo kuluk hiji,
Mar Maya wantu perjurit,
leuwih seuguh nganggo kuluk,
ari lajur yamah téa,
jin sétan hanteu ningali,
éta kitu karamatna lajur yamah .

- (8) Umar Maya ngawang-ngawang,
kacarita //ngapung deui, 28
nganggo kuluk lajur yamah ,
mipir dina méga putih,
Nyi Sumirang teu ningali,
wantu-wantu nganggo kuluk,
kantongna ditepak-tepak,
ménta sutra pikeun tali,
keur ngarundang huluna Ki Naga Jalma.
- (9) Lajeng baé dieuradan,
beuheungna Ki Naga Jalmi.,
talina dikenceng-kenceng
Nyi Sumirang teu ningali jin,
sétan jeung iblis,
lamun enggeus nganggo kuluk,
lajur yamah téa,
tuluy ditarik ka bumi,
Umar Maya bungahna kabina-bina.
- (10) Malang Sumirang enggeus beunang,
tuluy di panjara beusi ,
barina tuluy dibawa,
lawangna kabéh dikunci,
lawang rékép liwat saking ,
angin ogéh hanteu tembus.
Kocapkeun Bagénda Hamzah
ayeuna eukeur perang tanding,
ramé pisan keur perang di Nusantara.
- (11) Bagénda Hamzah ngamanah,
mariksa nu leungit,
tampa lebin ilangna tanpa karana,
wantu asal ari-ari,
éta ting deui.
Naga Paksi urang catur,
anu mantak éta Naga,
putra baheula nu kapir,
ayeuna téh urang Arab sukan-sukan.
- (12) Geus pada mulang ka asal,
pada leungit tanpa lebih,
diwadahan Gunung Waja,
tuluy dipiceun //sakali, 29
dibuang jabaning langit.
Bagénda Hamzah téh tuluy,
maca Alhamdulillah,
Sultan Amir suka ati,
tembang Sinom kaganti ku
Dangdanggula.

VIII. Pupuh Sinom

- (1) Sadayana pada suka ati,
réh ayeuna geus pada tumpur,
pakolot budak pada atoh,
sumawonna sepuh urang,
susah jadi suka saya,
musuh enggeus bubar papatih jaksa,
pangulu ngulamar para ponggawa,
sumawonna Anténar,
jeung para mentri sadayana suka
manah.
- (2) Urang caturkeun Radén Sumantri,
nu keur tapa di Baitil,
Mukdis sina éling kana panadon,
aya saur anu mashur,
saurna Déwi Rengganis Sumantri,
gancangna iyang kocapkeun geus
tuluy,
sejana arék ka Arab.
Kacaturkeun Radén Sumantri,
geus sumping di Arab eukeur
kumpulan.

- (3) Umar Maya sareng Umar Madi,
Raja Kema reujeung Radén Suwangsa,
Jantika jeung Gulangga,
Raja Maktal jeung Lamdaur,
Raja Barmam Raja Pati,
Surantaka Jantika geus pada kukumpul,
pepek kabéh di Nagara Arab,
isteri-isteri Munigar,
//sareng Bastari Emban keur pada
kumpulan. 30
- (4) Dén Sumantri sumpingna ka Pancaniti,
gagancangan kapayun sadaya sila,
bari tungkul mando ponggawa,
kabéh ngaranjuk wet Déwata,
turun ka dunya wantu,
anu matas tapa cahayana,
mancur gandang akti sukma,
teu aya pisan keur kasép tur,
amis budi matak resep sadayana.
- (5) Para emban sakabéhna pada seuri,
pada suka ngomong jeung baturna,
bari imut ting haréwos sawaréh,,
nu nepak bujur ngomongna,
pating kacewis, “Lamun kula,,
eukeur ngora meureun aing
dicium.” Ari ceuk sawaréh deui,
“Lamun kula upama jadi,
salaki tangtuna dikungkungan.
- (6) Ari omong ceuk sawaréh deui,
“Mun kula eukeur ngora,
meureun dicocoo baé.”
“Mun kula mah diabrug-abrug.”
Ari ceuk sawaréh deui ari kiih,
dina rongga moal meunang turun-turun,
upama lamun kula mah jadi jodo,
moal meunang pisan,
indit-indit //cicingna kasur duwaan. 31
- (7) Urang tunda omongan para istri,
kakocapkeun carita nu enya,
tegasna omongan nu saé.
Kocap Perbu Jayeng Ratu,
ka Umar Maya ngadohir,
“Satria anu ti mana manan lucu-lucu?
Sumangga Kakang pariksa,
masing terang pariksa,
supaya hasil jeung saha jenenganana.”
- (8) Gagancangan Umar Maya,
indit rék mariksa ka satria.
“Eta Radén énggal tungkul mando,
naha Radén aya maksud?”
Gancang jawab Dén Sumantri,
“Jisim abdi ti patapan,
yaktos urang Gunung seja mar,
keur Kakang Rama réhna aya istri ,
ngaran Nyi Rengganis asalna téh
nyieun tamba.
- (9) Anu mawi ieu jisim kuring,
ngadeuheusan ka linggih gamparan,
nyusul sanggup anu yaktos,
karanteun Rengganis purwa,
marak jisim kuring seja nyusul,
para jangjian jauh dijugjug,
nya anggang-anggang ditéang,
rék nanyaan sim kuring,
ka Nyi Rengganis daék atawa
hanteuna.”
- (10) Umar Maya rada imut leutik,
geus ka maplum dinya //lebet
manahna 32
saréh aya saur éstu.
Nyi Rengganis pék disaur,
miwarangan emban sahiji,
Nyi Emban jawab sumangga.
Nyi Emban téh tuluy kocap dongkap,
ka padaleman dipariksa Nyi Emban,
ku Nyi Rengganis Emban manéh rék
ka mana.

- (11) Emban jawab, “Kawulanun,
jisim kuring dipiwarang,
ku tuang Rama mawi abdi
ngadeuheus téh.
Abdi dipiwarang nyaur,
ditimbangan ku Kanjeng Gusti,
gambaran énggal dangdan,
mangga buru kedah kairing,
ayeuna mawara Rama keur diantosan,
ku tatami satria kasép kacida.”
- (12) Nyi Rengganis gancang tuluy indit,
rék dangdanan nyandak minyak jeung
kaca,
ana nyandak kendi bokor,
da pikirna geus teu puguh,
tuluy baé nyandak samping,
rék nyandak kemben jeung sinjang,
ana top nyokot purwa duméh geus
inget ka sémah,
nyokot roko ari kop dulang pangasin,
tungtungna téh garo singsat.
- (13) Geus sadia Nyi Rengganis indit,
//sareng Emban pada duwaan,
33
Nyi Rengganis enggeus léos,
barang dongkap kana panto,
roko tinggaleun jeung sisir,
tuluy Emban dicarékan.
“Eh Emban ambu roko jeung sisir ka
mana?”
Gagancangan Nyi Emban,
balik deui Rengganis bijil ka luar.
- (2) Umar Maya mariksa Déwi Rengganis,
“Nyai masing yaktos,
anu mawi Nyai diala téh,
kasumpingan Dén Sumantri,
manéh baréto pasini,
waktu keur di gunung.”
- (3) Nyi Rengganis matur bari seuri,
walon handap asor.
“Kulan rama leres gaduh sanggup,
lamun Rama kuring Jayeng Patih,
waras nu sayaktos dilandongan ku
Ajengan téh,
dipaparin jimat ali sareng panah takrib,
paparin ti gunung.”
- (4) Umar Maya //sadayana geus kaharti,
34
basa yén éstu,
“Na kumaha sanggup Nyai téh?”
“Kieu carék jisim kuring,
kuring pasrah diri,
sumeja rék anut.
- (5) Geus karungu ku Sultan Jayeng Pati,
teu loba carios,
ayeuna mah geura kawinkeun baé,
Rengganis ka Dén Sumantri,
da geus sidik,
pangulu disaur.
- (6) Ki Pangulu disaur Ki Pangulu ngaran
Umar Madi,
sumping jeung marébot,
Umar Maya gancang miwarangan baé,
“Kawinkeun Radén Sumantri,
ka Ratna Rengganis,
mangga kawulanun.”

IX. Pupuh Mijil

- (1) Nyi Rengganis kocap geus sumping,
lajeng calik émok,
Nyi Rengganis panawana ngabandeng,
Nyai ningali Radén Sumantri.
Dén Sumantri ningali,
semu rada imut.
- (7) Tuluy baé Dén Sumantri indit,
Suwangsa olohok,
“Na ku naon Rama Rengganis
mendeum jenggé,
ngomong sajeroning ati,
kolot-kolot kurang harti,

- kawas mendeum kucubung.”
- (8) Enggeus kocap Dén Sumantri kawin,
geus parantos.
Umar Maya tuluy ngawurukan baé,
“Sumantri ulah leutik ati,
manéh tunggu nagri,
kitu saur ratu.”
- (9) Enggeus //putus ngawuruk sakali, 35
buyar sadaya carabut,
raja-raja enggeus bubar kabéh,
geus lungsur ti pancaniti,
sadaya nyalingkir,
sumawonna pangulu.
- (10) Dén Sumantri sareng Nyi Rengganis,
caralik di gedong,
sadayana Emban-emban kabéh,
sumawonna Dén Sumantri,
Dén Suwangsa mikir ,
barina ngajentul.
- (11) Pandakawan reujeung Randén Mantri,
nya éta pun Kalo,
“Na ku naon Juragan ngajentul baé?
Tayoh aya nu dipikir,
taksiran pikiran Nyai,
paingan da burung.”
- (12) Lamun kuring jadi Agan Mantri,
meureun geus totonjok,
eukeur naon hirup ogéh,
lalaki kembang kawani,
geus teu aya kamahi,
hanteu rogol sawaréh éwang.
- (13) Alah-alah Radén itu Nyai,
eukeur dicocoo,
reujeung éta keur digalékan baé,
kuring hanjakal saeutik ari,
ras ku Radén Mantri,
dogong-dogong tulaak cau.”
- (14) Radén Mantri beuki nyeri pikir,
nyaur ka pun Kalo,
dicalukan ngan seuri baé,
seurina téh //hahah hihih, 36
“Kuring mah lain lalaki,
anggur hahah huhuh.
- (15) Radén Mantri ti dinya tuluy indit,
tampa tempo ka gedong,
di tangga Rengganis ngaréndéng baé.
Suwangsa ngagilirkeun keris,
ambekna kaliwat saking,
pun Kalo di pungkur.

X. PUPUH PANGKUR

- (1) Suwangsa barobah manah,
beuki lila ambekna kapati-pati,
isin ku ponggawa Maratuwa.
Suwangsa mikiran awak,
beuki kapikir cara nu burung,
geus bijil pandakawan,
lawas-lawas beuki nyeri.
- (2) Suwangsa ambek kacida,
sangkal-singkil gadag-gidig los ka
bumi.
Suwangsa pék narik duhung,
hanteu lila dipariksa,
Repatmaja ka Sumantri lajeng nyuduk,
Rengganis gancangna leumpang,
ngajerit maratan langit.
- (3) Ramé sadayana embank,
anu kolot anu ngora pada ceurik,
di lebet pagulung-gulung,
anu perang ramé pisan,
nini-nini kasépak datang kabancuh,
anu ngora pada lumpat,
tingkocéak tingjalerit.

- (4) //Narajang ka Pajuaran, 37
Dén Suwangsa sarawuh Radén
Sumantri,
nu gelut pagulung-gulung,
narajang ka Nabtal rusak,
sampé lebur-lebur luluhurna amburadul,
pandakawan susurakan,
“Alah-alah puas teuing!”
- (5) Narajang ka méja bencar,
silih téwak pada weduk pada sakti,
pada gagah pada pamuk,
Sumantri jeung Dén Suwangsa,
nyekel sabuk milang tatu silih suduk,
nu perang ramé kacida,
Suwangsa reujeung Sumantri.
- (6) Emban sahiji ka luar,
prok papanggih jeung Pangulu Umar
Madi.
Emban sumegruk piunjuk,
“Duh Gusti Juragan tiwas,
ayeuna téh Juragan pagulung-gulung,
dina jero pajuaran,
Suwangsa sareng Sumantri.”
- (7) Pangulu lajeng ngagakgak,
“Kajeun teuing da bongan peribadi.
aing ogéh meureun ngamuk.
da bongan ka Umar Maya,
teu pernah bet ngawinkeun awa batur.
Aing teu hayang nulungan
keun baé da pada sakti.”
- (8) Kaburu ku Raja Maktal,
wantu-wantu gagancangan gadag-gidig.
Emban téh //geuwat piunjuk, 38
“Kawulanun Gusti Maktal,
putra tiwas ayeuna keur siling suduk,
dina jero pajuaran,
Suwangsa sareng Sumantri.
- (9) Raja Maktal gancang mangkat,
pék ngumpulkeun sadayana mantri-
mantri,
Raja Kemar jeung Lamdaur,
Raja Marjan Abdul Komar,
jeung Gulangga Hok Malihuk serdadu.
“Eh raja geuwat tulungan,
Suwangsa reujeung Sumantri!”
- (10) Raja-raja pada susah,
Parawantu nu gagah pada sakti,
Parawantu nu gagah pamuk.
Raja sakabéh guneman,
tingharéwos ngomongna jeung pada
batur,
sadaya teu aya nu kuat,
raja-raja pada wedi.
- (11) Maktal ti dinya pék iyang,
miwarangan ka Pangulu Umar Madi,
“Paman ayeuna piunjuk.”
Umar Madi ngawalonan,
“Sangeuk teuing Paman hanteu
sanggup,
unjuk ka Umar Maya,
anggur diuk dina korsi.”
- (12) Naha Paman bangkawarah,
kolot-kolot Paman bet atah harti,
ka Paman-paman téh pangulu,
meureun boga //bebeneran. 39
Ari Paman mar kalah kagedé weduk,
bet teu boga paboga,
tayah kapatutna teuing.
- (13) Si Margadobras ngagakgak,
“Montong kitu Paman ogéh meureun
indit.
Tong ngucapkeun gedé weduk,
da lain kahayang Paman,
da geus kieu dikersakeun ku Nu
Agung Margadobras tuluy leumpang
matur ka Raka Dipati.

- (14) Kacaturkeun enggeus dongkap,
Umar Maya eukeur calik dina korsi.
“Rék ka mana manéh Jemlung?”
Umar Madi ngawalonan,
“Rék ka Kakang sim kuring aya
pihatur,
tapi urang dahar heula,
kuring luwé liwat saking.”
- (15) Geus parantos barang tuwang,
pék carita piunjuk ka Raka Gusti.
“Ayeuna aya nu ngamuk,
dina jero pajuwaran,
Dén Suwangsa keur perang pagulung-
gulung.
Da bonggan Kang Umar Maya,
bet teu boga temah wedi.
- (16) Hanteu boga kira-kira,
Nyi Rengganis dikawinkeun ka
Sumantri,
bet ngawinkeun anu batur,
lamun dipariksa heula,
//ulah waka geuwat-geuwat waka
tulus, 40
kudu dipariksa heula,
Suwangsa sareng Sumantri.”
- (17) Dén Umar Maya ngandika,
“Na nu burung aing téh Ki Umar
Madi,
bet ngawinkeun uwa batur,
ari saenya-enyana,
nya éta lamun tacan maplum,
Rengganis anak Suwangsa,
lamun manéh tacan ngarti.
- (18) Kieu purwana nya éta,
kapan ari Kanjeng Perbu Jayeng Pati,
waktuna arék ngarugrug,
da ning sora aya téh Ajrak,
dipiwarang nalukeun Ratu Pamuk ,
di Nagara Ajrak téa,
Rai Perbu Jayeng Pati.

- (19) Musuhna raja muka,
Jin nagari Ajrak tegesna Nagari Jin.
Ti dinya téh tuluy wangsul,
perang jeung Raja Muka,
jin hanteu perang reujeung Sultan
Jayeng Ratu,
datang ka rajana mundur,
Umar Maya mucung budi.

XI. PUPUH PUCUNG

- (1) Anu mantak ditungguna saumur-umur,
ku Radén Iman,
Suwangsa sukur boga Nyai,
ayeuna éta teu aya raranganana.
- (2) Saéna éta raranganana maké rajut,
//bisina ka temah, 41
éta kitu asalna téh,
anu mantak da lain bagianana.
- (3) Dén Suwangsa nya bener putra Sang
Ratu,
ngan lain anak ti Munigar.
Lamun teu nyaho manéh téh,
putra Kélan ibuna Nyi Kelaswara.
- (4) Anu mantak Suwangsa dibuang jauh,
waktuna keur babar.
Ari éta ibuna téh,
barang medal ibuna téh tuluy wapat.
- (5) Ti dinya téh Raja Kélan tuluy bendu.
Lajeng Suwangsa dicandak,
diwadahan kana peti.
Kakang tuluy dibawa dibuang kana
sagara.
- (6) Heug kapendak ku Nyi Déwi Ratna
Ayu,
di nagara Ajrak téa,
putra Ratu Arab kénéh.
Tuluy dicandak ku Nyi Ratna Ayu téa

- (7) Ana dicandak ti dinya dibawa ngapung,
hanteu digurit di jalanna.
Kacarios geus nepi baé,
peti téa dibuka bet manggih budak.
- (8) Ana dibuka handapeun budak béh buku,
ditingali aya serat,
//suratna téh leuwih bérés. 42
Pék dibaca putrana Bagénda Hamzah.
- (9) Déwi Ratna atohna sagedé gunung,
bungahna kabina-bina
Jeung budak téh leuwih kasép,
ana diasuh ku Jin Héjo Islam
- (10) Lawas-lawas budak téh geus meunang
umur,
budak téh geus arék werat.
eukeur meujeuhna beuki kasép,
Jin Islam téh bogohna kabina-bina.
- (11) Ari dicandak diais bari diasuh.
Ayeuna teu dicarita,
enggeus sajobana baé,
lawas-lawas Jin Islam téh geus
anggayang.
- (12) Enggeus lila Jin Islam téh tuluy kabu ,
rasa bakal kawiwirangan,
leumpang sakaparan baé,
ana dongkap ka Patapan Argapura.
- (13) Ku Pandita diaku bari dirangkul,
geus dipulung anak,
ku Pandita disaréséh,
lawas-lawas ari enggeus meunang
bulan.
- (14) Jin Islam téh ti dinya tuluy ngajuru,
budakna téh hadé pisan,
sartana bari alus éta awéwé,
tuluy baé //dicandak dipulung anak.
43
- (15) Hanteu kocap ti dinya geus teu
dicatur,
kacaritakeun gancangna,
Jin Islam diwuruk baé,
Jin Islam téh teu mulang ka Nagri
Ajrak.
- (16) Ti dinya téh gancangna tuluy
diwuruk,
“Enya manéh geura mulang,
tapi manéh masing hade,
nya mulang téh manéh ulah ka
nagara.
- (17) Mulang téa mudu ka sagara kidul,
dibahanan bubungkusan,
diwadahan kana boéh,
anu mantak di kidul loba baruwang.
- (18) Urang tunda ayeuna geus teu dicatur,
kacarita Umar Maya,
keur nyarita bari édég,
didangukeun ku nu sepuh ku nu
anom.

XII. Pupuh Sinom

- (1) Ari enggeus cacarita,
Umar Maya tuluy indit,
rék néang Radén Suwangsa,
sumawonna Radén Sumantri.
Kacaturkeun enggeus tepi,
ka Arab ka alun-alun,
geger sadayana,
tingkocéak tingjalerit,
Dén Suwangsa perang teu beunang
dipisah.

- (2) // Kasampak pada duaan, 44
 eukeur perang maké keris,
 Suwangsa téh leup teuas,
 sumawonna Radén Sumantri,
 dasar putra pada iri,
 pada gagah pada pamuk.
 Umar Maya muka lawang,
 barina jeung maos diki,r
 “Masing éling Sumantri jeung Dén
 Suwangsa!”
- (3) Ku Umar Maya dihalang.
 Sumantri tuluy ningali,
 brek sila barina nyembah,
 “Dubilahsaitonirajim,
 jawab manéh sing aréling,
 ulah burung ulah palung,
 sing inget selama urang,
 ngagugu sétan iblis,
 geura maca Suwangsa Subhanallah.!
- (4) Ti dinya pék diwurukan,
 Suwangsa reujeung Sumantri.
 “Suwangsa manéh sing awas,
 ayeuna sing pada éling.
 Lamun manéh hanteu ngarti,
 kapan dulur manéh éstu,
 putrana Bagénda Hamzah,
 putra istri tina Jin,
 anu mantak ayeuna masing iyatna.
- (5) Purwana manéh Suwangsa,
 ayeuna ogéh jadi hiji,
 Rama manéh jadi garwa.
 Suwangsa manéh sing éling,
 basa //manéh tacan ngarti, 45
 kapan anak manéh éstu,
 éta Nyai Déwi Ratna,
 Déwi Ayu Nyi Rengganis,
 enya éta anak manéh ti Jin Islam.
- (6) Basa Suwangsa baheula,
 eukeur manéh masih leutik,
 aya di nagara Ajrak,
 dikukut ku Kuraésin,
 anu mantak kudu éling,
 jalma téh asal dikukut,
 asalna manéh dibuwang,
 kapanggih ku Kuraésin,
 anu mantak manéh téh aya di Ajrak.
- (7) Moal manéh jog anu ngaranna Déwi
 Rengganis,
 asalna dipikahayang,
 ku éta jin Islam tadi,
 basa Suwangsa keur leutik,
 rinéhna mah teu dicatur,
 basa manéhna masih budak,
 tacan pisan boga piker,
 anu matak ayeuna téh masing awas.
- (8) Ari enggeus lawas-lawas,
 jin Islam ngarasa isin,
 beuki lila beuki éra,
 jeung siheun kabendon Gusti,
 suku Jin Islam téh mikir,
 barina jeung teu pok,
 bur mangkatna ka Arka,
 para pandita kagét ningali,
 rék ka mana jin Islam datang //ka
 urang. 46
- (9) Ti dinya teu kacarita,
 da enggeus dicatur deui,
 tadi handapna enggeus kaucap,
 sakitu géh meureun ngarti.”
 Ayeuna mah catur deui,
 Umar Maya nu ngawuruk,
 ngawuruk Radén Suwangsa.
 ku Suwangsa geus kapikir,
 Dén Suwangsa mikir seja wening
 manah.

- (10) “Ayeuna manéh Suwangsa,
 anu mantak kudu ngarti,
 anu mantak kudu awas,
 ku manéh kudu kapikir,
 anu mantak henteu kapikir,
 raranganana maké rajut purwa.
 Manéh kudu awas,
 ku manéh masing kapikir,
 lamun campur jeung manéh cupar
 agama.”
- (11) Radén Suwangsa ngamanah,
 barina mikiran diri,
 paingan nu kawasa,
 ku diri henteu kapikir,
 ayeuna mah geus harti,
 étana teu disebut,
 ngan paingan anu urang,
 ku Suwangsa geus kapikir,
 Dén Suwangsa rada samar
 mamanan.
- XIII. Pupuh Asmarandana**
- (1) Rengganis ngageuwat indit,
 nyampeurkeun ka Umar Maya,
 sarta bari tungkul //mando. 47
 haturan ka Umar Maya.
 “Kumaha kuring ayeuna,
 lamun kieu tangtu rusuh,
 moal baé pipikiran.”
- (2) Umar Maya pék ngadohir,
 ka éta Nyi Déwi Ratna,
 “Era temen manéh Endén,
 sarua jeung pikir uwa,
 pikir géh teu ngeunah,
 éta salamaetna kitu,
 tangtu rusuh salawasna.
- (3) Dén Umar Maya pépéling
 ngomongna ka Dén Suwangsa.
 Suwangsa keur mikir baé,
 lamun kitu petana mah.
 Jawabna Radén Suwangsa,
 dulur dipaké minantu,
 Gusti kitu anu baheula.
- (4) Ti dinya tuluyna indit,
 nyampeurkeun ka sadérékna,
 nya minantu nya sadérék,
 atawa dulur popotongan,
 enya dulur enya anak,
 dulur dipaké minantu,
 geus kitu kersaning Allah.
- (5) Enggeus kitu Radén Mantri,
 ngomongna ka sadérékna.
 “Ayeuna téh manéh Endén,
 Endén téh ulah marulang deui,
 tunggu nagri bisi engkang,
 aya euweuh tangtu sama jeung anak.”
- (6) Dén Suwangsa wukut éstu,
 nyaahna kabina-bina,
 ditimbang heunteu kabobot,
 bawaning nyaah ka anak,
 Suwangsa //jadi bageurna, 48
 nyaahna sagedé gunung,
 Suwangsa tambah percaya.
- (7) Dén Umar Maya ngadohir,
 “Ayeuna meunang teu meunang,
 manéh kudu mulang deui,
 ka patapan Baetul Mukdis.
 Mun manéh aya kakurang,
 manéh teu geuwat piunjuk,
 uwa téh tangtu ngalayad.”

- (8) Sumantri ti dinya indit,
mulang ka Baetul Mukdis,
gotongan wani ngabérés,
jeung tanduan geus sadia,
pikeun nyi Rengganis,
mulang Nyi Rengganis pék ngadawuh,
hadé jeung pegat talina.

XIV. Pupuh Magatru

- (1) Kacaturkeun Nyi Rengganis enggeus tuluy,
sarawuh Radén Sumantri,
nu ngiring wani murubul,
ka Nyai Dewi Rengganis,
angkat di Jumaah Kaliwon.
- (2) Pukul genep angkatna téh isuk-isuk,
Nyi Rengganis jeung Sumantri,
angkat bari nyandak payung,
diiring ku para manteri,
nandu kuda jeung gerebong.
- (3) Ramé pisan keridna wani ngaguruh,
sumawona peryayi,
dongkapna ka alun-alun,
jalma kabéh naringali,
sadayana pada bengong.
- (4) Emban angkat ngangké wani rabul,
aya nu leumpang ngajigjerig,
anu jangkung mawa payung,
//anu geulis tipandeuri, 49
anu denok mawa épok.
- (5) Aya anu tumpak kuda tingarancul,
aya anu leumpang kaki,
aya anu leumpang rusuh,
bawaning ku réya jalmi,
nini-nini rayah-royoh.
- (6) Nyi Rengganis geulisna kalangkung-
langkung,
eukeur gandang leuwih ginding,
amis cauna melengkung,
damisna héjo sasisih,
pinareupna lir jambu bol.
- (7) Ari nyisir kumaha pudak sajantung,
cinggir curuk jeung jariji,
lir saperti cucuk lauk,
angkatna kandar ka sisi,
keuneungna wani ngagéso.
- (8) Ayeuna téh tunda deui teu kacatur,
urang ganti deui nagri.
Raja Burdalam nu punjul,
papatihna sahiji sakti,
ogé kasang jimat kantong.
- (9) Raja Burdalam kagungan putra alus,
ngaranna Siti Sondari,
namina kalangkung-langkung,
putra téh kacida gering,
buuk gimbal leungeun kéngkong.
- (10) Tuluy ngimpi raja téh aya pituduh,
peuting tadi malem Kemis.
Perkara sotéh sakitu
lamun hayang mending
aing méréan carios.
- (11) Putrana téh raja Arab Jayeng Satru,
engké manéh tangtu //mending, 50
tatapi kudu dibasuh,
kerisna dipaké mandi,
putra méh damang kalakon.
- (12) Ayeuna téh manéh patih buru-buru,
maling anak Jayeng pati,
manéh kudu sungguh-sungguh,
jeung manéh sing ati-ati,
pénta karamatna kantong.

(13) Umar Gada gancangna hatur piunjuk,
kuring nu barangas mati,
maling anak Jayng Satru,
masing percaya ka abdi,
nanti dapat samahonong.

XV. Pupuh Kinanti

- (1) Raja Burdalam ngadawuh,
ka Ki Margada papatih.
“Margada manéh geura miang,
tapi kudu ati-ati,
kawantu Raja Perkosa,
di Arab loba perjurit.
- (2) Margada lajeng piujuk ,
haturan barina amit.
“Abdi nyuhunkeun hibarna,
indit ti payuneun Gusti.
Margada tuluy ngalayang,
ngapung kana méga putih.
- (3) Wantu-wantu patih pamuk,
di Burdalam taya tanding,
kasebut kapala perang,
di sajeroning éta nagri,
wantu boga jimat kasang ,
keur gagah kasohor sakti.
- (4) Geus kitu henteu dicatur,
Margada gancangna nepi,
//omongna ki juru pantun, 51
tambah jauh géh tanwandé tepi,
anggang géh tanwandé dating,
wantuning perjurit sakti.
- (5) Ka dinya téh urang catur,
Putra Arab Radén Mantri,
eukeur pada susukaan,
sasauran Radén Manteri.
Margada geus kitu kocap,
datang ka Arab geus peuting.

(6) Ki Margada gancang turun,
ti luhur barina ngingkig,
kawas maung moro domba,
dekem-dekem lampah maling,
nepak-nepak kana kasang,
aing sing asup ka bumi.

- (7) Kasangna lajeng melendung,
patih leungit tanpa lebih,
asup kana gedong kaca,
bari disirep sakali,
emban sadayana ngampar,
ka para jeung sirep matih.
- (8) Sirep téh kalangkung-langkung,
sirep kasang liwat sakti,
anu karulem tunduheun,
anu ngéjo naheur cai,
dulang teu karasa losna,
loba nu poho ka samping.
- (9) Radén Suwangsa ngadawuh,
“Naha Radén tunduh teuing?”
Ratna Permana ngandika,
“Leres kakang tunduh teuing,
duh tara ti sasarina,
panon tunduh-tunduh teuing.”
- (10) Ti dinya tuluyna //asup, 52
saré sareng Ratna Dewi.
Kocap ki Patih Margada,
bijil tina jero bumi,
Radén Suwangsa kasampak,
eukeur saré dina katil.
- (11) Geus kitu tuluy dirawu ,
Suwangsa teu éling-éling.
Bareng geus datang ka luar,
Suwangsa ngarasa éling,
gancangna dibawa lumpat,
ku ki Margada papatih.

- (12) Istri sadayana gujrud,
Ratna Permana ngajerit,
Suwangsa enggeus teu aya,
pertéla aya nu maling,
midangdam euleung-euleungan,
seseja ka Radén Manteri.
- (13) Ting galebrug kana panto,
aya anu lumpat tarik,
bébéja ka rama-rama,
raja Maktal eukeur kemit,
Raja Maktal rék mariksa,
kantun embanna téh ceurik.
- (14) Emban téh tuluy pihatur,
“Kawulanun Kanjeng Gusti,
perkawis Radén Suwangsa,
ayeuna aya nu maling.”
Maktal ngaranjug manahna,
bari gancang lumpat tarik.
- (15) Miunjuk ka Kanjeng Ratu,
kacaturkeun enggeus nepi.
Bagénda Hamzahh kasampak,
Umar Maya Umar Madi,
sadaya keur pada aya,
nyampak di payuneun Gusti.
- (16) Raja téh //gancang ngadawuh,
53
“Rék ka mana manéh patih?”
Dén Maktal enggal unjukan,
mawi ngadeuheus ka Gusti,
Radén Suwangsa téh tiwas,
ayeuna aya nu maling.
- (17) Bagénda Hamzah ngadawuh,
ka sadaya manteri-manteri.
“Kumaha urang petana,
anak aing bet dipaling?”
Karungu ku Nyi Munigar,
gerwana téh Kanjeng Gusti.
- (18) Déwi Munigar ngagebrug,
ngajerit maratan langit.
Gégér sadayana embank,
tinggarero pada nangis,
bulu mata dibaseuhan,
nu teu hayang milu ceurik.
- (19) Aya jurig hahah-huhuh,
bawaning teu hayang ceurik,
ceurik sotéh babadotan,
bawaning siheun ku Gusti,
aya nu neunggeulan dada,
aya nu nyesewék samping.
- (20) Bagénda Hamzah ngadawuh ,
Dén Umar Maya caricing.
“Kakang kumaha petana,
anak urang Radén Manteri ,
boa anggeus dipaéhan,
palangsiang enggeus dipeuncit.”
- (21) Umar Maya téh piunjuk,
“Montong reuwas-reuwas teuing,
keun baé kumaha kakang,
upama hanteu kapanggih,
kakang anu bakal wirang,
bet kawas lain //perjurit.”
- (22) Umar Maya téh ngadawuh,
ka samudaya perjurit.
“Manéh kudu ariatna,
masing hadé tunggu nagri ,
poma ulah lalawora,
ulah rék mungkur ka Gusti.”

XV. Pupuh Pangkur

- (1) Gancang Umar Maya dangdan,
wantu perjurit kalangkung-langkung
barani,
jahta isim pék disuhun,
kasangna pék disoléndang,
Umar Maya meuntas dangdan langkung
segut.
Umar Maya tatabéan,
ka Perbu Jayeng Padil.
- (2) Umar Maya lajeng angkat,
sumejana réhing Radén téh mulih ka
bumi.
Umar Maya teu kacatur,
kakocapkeun enggeus dating,
ka bumina raina kasampak diuk.
Raina gancang mariksa,
“Kumaha raka dipati,
- (3) perkara Radén Suwangsa,
béjana téh ayeuna aya nu maling,
kumaha ayeuna atuh?”
Umar Maya ngawalonan,
“Puguh baé kakang ogé érék nyusul,
Rai téh masing iatna,
masing ati-ati di bumi.
- (4) Raina gancang ngawalonan,
“Mangga baé sim kuring di imah cicing,
sim //kuring aya pihatur, 55
lawas atawa henteuna.”
Umar Maya ngawalonan tacan puguh,
kari kumaha parengna,
di mana enggeus kapanggih.
- (5) Lamun kakang tacan peteng,
masih sahur masih tuluy moal balik,
putrana tuluy dicium.
Marmaya bari ngomongan,
ka Nyi Déwi, “Kakang téh ayeuna rék
tuluy,
poma ulah lalawora,
rai masing ati-ati.
- (6) Nyandak réncang ngan saurang,
Enya éta ngaranna ki Wira Darbi,
tapi jalma rada palung.
Umar Maya gancang mangkat,
gagancangan Umar Maya teu kacatur ,
belesur ka awang-awang,
kantong kasang jimat isim.
- (7) Umar Maya urang tunda,
kakocapkeun Umar Gada nu maling,
ngapungna téh leuwih luhur,
wantu-wantu Ki Margada,
leuwih gancang patih Nurséwan ka
Ratu,
datangna ka hulu salaka,
kacarita enggeus nepi.
- (8) Kakocapkeun Raja Burdalam,
eukeur linggih na korsi gading,
raspati raja téh bingung,
kalangkung ningali putrana,
pék ngadagoan Umar Maya tacan
jebul,
Raja Burdalam //andika, 56
ngomongna ka Nyai Putri.
- (9) Raja téh keur guguneman,
henteu lila Patih Margada geus
sumping,
Radén Suwangsa kabantun,
katingali ku Burdalam,
“Kutan éta putra Ménak Jayeng Satru,
pantes pingaraneunana,
keur kasép amis budi.”
- (10) Putrana Raja Burdalam,
ngareungeukeun saur ramana
kakuping.
Radén Suwangsa keur diuk,
“Jung nyai téh geura hudang,
geura ténjo éta nu bakal dibunuh,
manéh téh geura sing awas,
ayeuna arék dipeuncit.”

- (11) Putri téh ngageuwat hudang,
pék ningali putri téh ka Radén Mantri.
Putri téh ngarontok gebrug,
putri téh ngadadak waras,
geringna téh selira sakabéh mupus,
buuk gimbal jadi panjang,
leungeun kéngkong jadi bentic.
- (12) Nyi Putri téh lajeng waras,
“Euh ieu mah salaki kuring Dén
Mantri,
Kakang Repatmaja Bagus,
salira kersa téh waras,
ayeuna téh kakang kuring bakal istu,
seja arék pasrah badan,
ti lahir nepi ka batin.
- (13) //Salada jadi di jamban, 57
jisim kuring sawadi nya pasrah diri,
bakal panceg dina kasur,
keur gulang-guling jeung kakang,
meungpeung beurang mangké mah
peuting sapuluh,
ayana barang saurang,
salaki kuring Dén Manteri.”
- (14) Duwaan omong-omongan,
Sang Burdalam bungahna kaliwat
saking,
ku sabab putrana kitu.
“Ayeuna Patih Margada,
anak aing Siti Sondari téh burung,
bet musuh dipaké kahayang,
abong enya masih leutik.”
- hayangeun ka Repat Maja,
gawéna solat jeung dikir,
anu mantak teu suka kabina-bina.
- (2) Kumaha urang petana,
kula henteu sudi teuing,
sabab henteu cara urang,
kana babi henteu beuki,
kahakananana nyegik,
henteu beuki owa lutung,
nyieun //cara lampah urang, 58
lauk landak lauk sapi,
ari boma kahakanan bangkong kadal.
- (3) Ayeuna Patih Margada,
geura piceun ka basisir,
geura beungkeut duanana,
enya soté anu kami,
sabab henteu kapikir,
geura los miceun ka laut,
gantungkeun di awang-awang,
Suwangsa reujeung Sondari,
jeung momonan ku genta siluman téa.
- (4) Bisi aya urang Arab,
nyusulan ka Radén Mantri,
wantuning aya nu gagah,
Ki Umar jaya perjurit,
gagahna kalangkung sakti,
eukeur dedeg leuwih segut,
wantuning kekentong Arab,
teu aya perjurit nu mahi,
enya éta dulurna Ki Amir Hamzah.”
- (5) Kacaturkeun Umar Maya,
ngalayang ngapungna tarik,
leumpang dina awang-awang,
barang ningali ka bumi,
ningali sisi basisir,
aya anu ngarunggunuk,
Dén Umar Maya ngamanah,
palang siang anak aing,
Dén Suwangsa dikéwat di awang-
awang.

XVII. PUPUH SINOM

- (1) Andika Raja Burdalam,
ngomongna ka Radén Mantri.
“Patih urang téh patih cilaka,
anak kula Nyi Sondari,
pan Arab kagiruk,
ari anak kula burung,

- (6) Geus kitu tuluy kamanah,
 ngageuwat turun ka bumi,
 barang datang ka nagara,
 Dén Umar Maya téh mikir,
 aya hiji istri,
 dina tengah alun-alun.
 “Naha ieu nagri mana?”
 Umar Maya téh ras éling,
 tayoh ieu nu maling Radén Suwangsa.
- (7) Kasangna ditepak-tepak,
 tuluy jadi aki-aki,
 Umar Maya salin rupa,
 tuluy jadi aki-aki,
 ti dinya téh tuluy mikir,
 barina ka alun-alun.
 Dén Umar Maya ditanya,
 “Urang mana manéh aki?”
 Jisim kuring asal urang pagunungan.”
- (8) “Aki poma ulah nyaba,
 ayeuna téh Kanjeng Gusti,
 eukeur nyiksa éta putrana,
 nu ngaran Siti Sondari,
 sarawuh jeung Radén Mantri,
 putra Sultan Jayeng Satru.”
 Dén Umar Maya andika,
 “Ku naon dosana putri?”
 Emban jawab, “Aki téh ulah tatanya.”
- (9) Umar Maya ngalapekan,
 “Di mana tempatna nyai?”
 Emban téh tuluy ngajawab,
 nya éta ka aki-aki,
 diri sim kuring téh lali,
 matakna lamun geus sepuh,
 anu mantak sing iatna,
 kuring poho liwat saking,
 anu mantak saéna rék dipaéhan.
- (10) Ayeuna eukeur dijaga,
 bisina aya perjurit,
 nu nyusul ti nagri Arab,
 wantuning loba perjurit.
 Tah kitu petana aki,
 ayeuna eukeur digantung,
 jeung balad-balad sadaya.
 Tah kitu nu mantak risi,
 //taluh-taluh ayeuna eukeur
 diréyang.” 60
- (11) Dén Umar maya ngamanah,
 mikir sajeroning ati.
 “Mun anak aing Suwangsa,
 kungsi datang ka dipeuncit,
 kawas lain perjurit,
 kakocapkeun gagah pamuk.
 Saupama mun dibawa,
 ku aing dibawa balik,
 tangtu aing alus tanduk kurang
 tindak.”
- (12) Jiligrig Umar Maya,
 aki leungit tanpa lebih,
 da asalna Umar Maya,
 anu mantak leungit deui.
 Dén Umar Maya téh mikir,
 paingan téh lamun kitu,
 urang téh masing paryatna,
 ayeuna kudu aréling,
 dangding gentos megat balad kapir
 Islam.

XVIII. Pupuh Magatru

- (1) Umar Maya ngapung ka luhur,
 leumpangna téh leuwih tarik,
 lapat-lapat geus di luhur,
 ningali sisi basisir,
 Dén Umar Maya bengong.

- (2) “Naon éta di luhur téh make rajut?
Palangsiang anak aing,
ayeuna eukeur dihukum,
eta loba perjurit,
sawaréh pada ngajogo.”
- (3) Umar Maya nguriling baé di luhur,
ngapung kawas undar muntir.
Radén Marmaya ngaranjug,
semu bari susah piker,
//pepek kana jimat kantong. 61
- (4) Umar Maya nyampeurkeun ka serdadu,
serdadu kabéh ningali,
sabab Umar Maya malsu,
balad kabéh teu ningali,
sabab pangawasa kantong.
- (5) “Kasang-kasang ku aing dipénta
sanggup!”
Umar Maya matek aji,
aji sirep nu disebut,
supaya serdadu kapir,
ayeuna masing malolor.
- (6) Nu ngajaga sadayana pada tunduh,
tingjaropak dina sitir,
sawaréh pating lalenggut,
loba anu henteu éling,
ku bawaning banget mabok.
- (7) Umar Maya gancangna naék ka luhur,
aréng nyokot Radén Mantri.
Barang geus dongkap ka luhur,
genta siluman ngayaris,
tingkalening tingkalenong.
- (8) Tuluy baé genta dicocokan kapuk,
gentana lain beuki cicing,
anggur méh beuki ngaguruh.
Umar Maya susah piker,
genta téh digamrong-gamrong.
- (9) Urang kapir kagétna kalangkung-
langkung,
serdadu teu pati éling,
wantuning rada lulungu,
Umar Maya katingali,
ku serdadu laksa éwon.
- (10) Urang kapir //surakna wani ngaguruh
62
“Hayu batur aya maling!”
Dén Umar Maya jut turun,
mikir sajeroning ati,
“Ka mana aing nya léos?”
- (11) Umar Maya ku serdadu keur
dikepung,
dirubung ku tumbak bedil.
Umar Maya leuwih bingung,
anu numbak anu ngabedil,
perjurit kabéh ngaronom.
- (12) Balad kapir digedir gebrug tikusruk,
Umar Maya bari nyirik,
bari jeung nonggengan jubur,
tapi heunteu pegat dikir,
dirontok nyépak jeung nyabok.
- (13) Balad kapir diadu jeung pada batur,
silih tumbak silih bedil,
nu perang pagulung-gulung,
Umar Maya suka ati,
barina ngahayoh-hayoh.
- (14) Balad kapir perangna geus henteu
puguh,
rasana perang jeung maling,
Dén Umar Maya ngajentul,
barina niupan birit,
nu disépak tiparékos.
- (15) Balad kapir rusakna ku pada batur,
perang henteu pilih tanding,
tapi henteu nyata kitu,
perang henteu pilih tanding,
ngaran perang baal kajibong.

- (16) Serdadu sadaya pada barhimpun,
rék matur ka Radén Patih.
Umar Gada urang catur,
wantuna téh leuwih sakti,
//boga kasang jimat kantong. 69
- (17) Radén Patih kebat mariksa serdadu,
balad-balad urang kapid,
“Béh nun Gusti kawulanun,
dina sitir aya maling,
ngaran Umar Maya jago.”
- (18) Éta kitu purwaning kuring piunjuk,
balad sadaya perjurit,
aya nu buntung sukuna,
aya nu rumpung ceulina,
nu loba mah pada kojor.
- (19) Umar Gada ngahuleng bari ngajentul,
pikir seja wening ati,
“Kutan Umar Maya pamuk?”
Kitu saur Radén Patih,
tuluy baé nyandak kantong.
- (20) Umar Maya ambekna wani ngaguduk,
Umar Maya téh perjurit,
ka aing teu aya nu mampuh,
da aing géh perjurit sakti,
aing géh da boga kantong.
- (21) Umar Gada enggal dangdan bari tuluy,
Dén Umar Maya kapanggih,
pahareup patonggong-tonggong,
dasar pada perjurit,
dasar jago pada jago.
- (22) Umar Gada mariksa bari jamedud,
“Eh Umar Maya silaing,
sukur géh silaing nyusul,
aing teu sieun saeutik,
rék ngamuk geura der ngamuk.”

XIX. PUPUH DURMA

- (1) Umar Maya ka Ki Margada némbalan,
“Naha manéh pelekik teuing,
abong enya silaing gagah,
abong enya silaing bedas,
aing teu siheun saeutik,
ku nengkur ka sia,
sia gagah aing sakti.
- (2) Umar Maya ku Ki Margada ditéwak,
Umar Gada ditampiling,
disépak jopak tangkarak.
Ki Margada tuluy hudang,
ku Umar Maya dikelid,
jopak nangkarak,
disurilem ditampiling.
- (3) Ki Margada nepak-nepak kana jimat
kasang,
wantu kasang cangkang langit.
Umar Maya nepak kasang,
wantu pada boga kasang,
Umar Maya cangkang bumi,
éta kasangna,
perang pada manggih tanding.
- (4) Umar Maya perangna ramé kacida,
wantu perang pada jurit,
perang pada manggih lawan,
pada sakti pada bedas,
duwanana pada barani,
sarwa kuatna,
Ki Margada ditampiling.
- (5) Ki Margada ngejat barina jeung
nyepak,
Dén Umar Maya ngabanting,
Umar Maya rada kalah,
sabab kantong cangkang //lemah, 65
anu mantak kalah jurit,
ku Ki Margada,
Umar Gada cangkang langit.

- (6) Umar Gada belesur ka awang-awang,
kantongna bari dijingjing.
Umar Maya disamberan,
mantakna Umar Maya éléh jurit,
jopak tangkarak,
Umar Maya henteu éling.
- (7) Umar Maya geus teu aya daya upaya,
tuluy baé leutik ati,
mikir seja wening manah.
“Eh aing perang hanteu puguh,
bet éléh ku jalma kapir,
bet kawas lain Islam,
Umar Maya tuluy nangis.
- (8) Gegeroan ka éta patih Margada,
“Mangké heulaan ki Patih,
da kula géh geus teu kuat,
seja kula rék pasrah diri,
kula rék masrahkeun diri,
ka kanjeng raja,
seja érék nya tobat.
- (9) Dilépotkeun Umar Maya ku Margada.
Umar Maya tuluy linggih,
barina éta haturan,
“Tapi ménta tempo heula,
enggeus kapalang burit,
érék solat heula,
geus solat rék tuluy kapir.”
- (10) Tuluy baé Radén Marmaya solat,
solat duhur solat asar,
solat sunat digemetan,
solat toat solat hajat,
pada-pada ka yang widi //sing
hampura, 66
hayang ulah kungsi kapir.
- (11) Enggeus solat Umar Maya gegeroan.
“Umar Gada nyandak cai,
bagong diséléhkeun pisan.
Ku Umar May ditampa.
Umar Maya mikir,
éh cida ka awak,
- neda-neda ka yang widi.
- (12) Babi téa dicandak ku Umar Maya,
tuluy dipeuncit sakali,
sartana tuluy dirasah,
duwaan jeung pandakawan.
Babi téh enggeus beresih
ngan tingal masak,
duwaan ngomong ngecewis.
- (13) Tuluy babi digodog enggeus
ngagolak,
Wira Darbi suka ati,
“Juragan geus meureun toong,
da angeun téh enggeus asak,
ayeuna mah kantong amin,
sareng kantong am,
omat ngan ki Wira Darbi.”
- (14) Enggeus kitu kamashurkeun ka nu
anggang,
Marmaya rék dahar babi,
karungu ku Kanjeng Eyang,
éyangna ki Umar Maya,
wantuning jeleme alim,
Dén Umar Maya,
diturunan ti Hidir.
- (15) Geus kasampak Umar Maya eukeur
masak,
reujeung kendék //Wira Darbi. 67
Nabi Hidir téh ngandika,
“Eukeur naon Umar Maya,
kawas lain incu aing.
Ki Umar Maya,
jeung manéh téh masing éling!”
- (16) Umar Maya haturan ka kanjeng
Éyang,
ngéh eyang kumaha kuring.
Kuring téh wirang kacida,
anggur kuring asup kapir.

- (17) Solat ogé geus henteu aya pédahna,
jungkel-jungkel beurang peuting,
ngalampahkeun waktu lima,
jeung sunatna éta téa,
nu kari sok dipilampah,
bet henteu tuluy ka diri.
- (18) Ayeuna mah kuring haturan,
ka Éyang rék masak babi,
kuring nyatu lauk babi,
éta da enggeus kapalang,
nyorang diri kuring pribadi,
bet acur pisan,
sugan enggeus tuluy mati.
- (19) Babi téa digehakeun tuluy lumpat,
nya éta ku Nabi hidir.
Wira Darbi gegeroan,
hanjakal kabina-bina,
teu diasaan ku aing,
kaburu lumda,
Wira Darbi bari seuri.
- (20) Tuluy baé Umar Maya dipariksa,
nya éta ku Nabi Hidir.
“Na ku naon Umar Maya,
manéh arék anut ka sétan,
//kawas lain incu aing?” 68
Ki Umar Maya,
anut anom kurang harti.
- (2) Dén Umar Maya ngamanah,
“Bener temen saur Gusti,
ngan kuring nu kahilangan.
Kuring teu éling saeutik,
wantu-wantu jisim kuring,
hanteu inget gaduh kuluk.
Mun inget mah kamarina,
moal kungsi meuncit babi,
éta kitu anu mantak kuring Eyang.”
- (3) “Umar Maya ayeuna mah,
manéh kudu ati-ati.
Ki Margada geura lawan,
kuluk téh paké sakali,
jalma deui ku ningali,
jin sétan géh moal wawuh.
Geura beral ayeuna Ujang,
kuluk lacur ngamah jingjing,
paké kuluk manéh masing pariatna.
- (4) Perkara kantong Margada,
asalna téh bungkus langit,
anu mantak ki Margada,
bedas nya leuwih sakti,
nu mantak manéh teu tanding,
kasang manéh téh teu ngarungkup,
ari asalna kantong Ujang,
asalna téh cangkang bumi,
anu mantak manéh perang henteu
kuat.”
- (5) Parantos nu ngawurukan,
nabi leungit tanpa lebih,
ilangna tanpa karana,
mulih ka jayaning langit.
Dén Umar Maya té mikir,
barina pék ngango kuluk,
nyampeurkeun ka Ki Margada,
Ki Margada teu ningali,
Umar Maya geus hareupeun Ki
Margada.

XX. Pupuh Sinom

- (1) Umar Maya diwurukan,
nya éta ku Nabi Hidir.
Perkara ki Umar Maya,
ayeuna manéh silaing,
kapan manéh baheula geuning,
ku aing dibéré kuluk,
jimat lacur nyamah téa.
Tah kitu papatah aing,
na ku naon teu dipaké Umar Maya.

- (6) Ki Margada gegeroan,
nyaur Marmaya dipati,
kapan geus hareupeunana,
tapi hanteu katingali,
nyahur sajeroning ati,
ayeuna mah sia palung,
ku aing bakal dipeuncit.
Umar Maya imut leutik,
kantong kasang dicandak ku Umar
Maya.
- (7) Geus cunduk kantong Margada,
Umar Maya tuluy calik,
barina muka makota,
ku Margada katingali.
Margada kagét papati,
“Kutan rayi enggeus diuk!”
Umar Maya ngawalonan,
“Da geus lila jisim kuring.”
Umar Maya //seurina wani ngagakgak.
70
- (8) Ki Margada pék mariksa,
“Ayeuna kumaha rayi,
sanggeus taluk téh sampéan?
Ayeuna téh Rayi Patih,
urang ngadeuheus ka Gusti.
Da rayi kapan geus ta’luk.”
Dén Umar Maya ngajawab,
“Montong ngomong sia kapir,
geura tempo jimat sia kantong kasang.”
- (9) Umar Maya téh ngarénjag,
bari kasang ditingali,
tétéla enggeus teu aya,
nya ka mana kasang aing.
Ki Margada ceurik leutik,
“Umar Maya ulah kitu,
jin urang mewih nagara,
reujeung séba para istri.”
Umar Maya ngawalonan bari nyentak.
- (10) “Montong ngomong Umar Gada,
aing lain budak leutik,
da aing téh geus tua bangka,
enggeus jadi bulu biwir,
anu mantak aing deui,
ayeuna urang diadu,
urang di awang-awang,
henteu rék ta’luk ka kapir,
mangké baé dibikeun sia enggeus
modar.”
- (11) Ki Margada pék narajang,
ambekna //kaliwat saking, 71
narajang ka Umar Maya.
Ku Marmaya ditampiling,
Ki Margada henteu éling,
ari hudang humaregung.
Ki Margada nalangsa,
“Aing ayeuna geus mati.”
Ki Margada ditéwak bari ditincak.
- (12) Umar Gada dipagahan,
“Déngékeun papatah aing,
hartikeun éta ku sia,
kudu anut agama Ibrohim,
geura tobat ka yang widi,
ayeuna téh kudu ta’luk.”
Ki Margada pék ngajawab,
“Jeung Islam suka dipeuncit,
da aing mah henteu aya nu turunan.”
- (13) Ku Marmaya geus kamanah,
nya geura éta si kapir,
teuasna kabina-bina,
wantuning panemu kuring,
jurig jeung Islam suka mati,
geus paingan lamun kitu.
Umar Maya nyandak pedang,
tuluy dipeuncit sakali,
Umar Gada mati kapir paéh kupur.

- (14) Ki Margada enggeus modar,
 Umar Maya tuluy indit,
 nyampeurkeun raja Burdalam,
 papanggih raja keur calik.
 Calik dina korsi gading,
 di jero kadaton agung,
 //énggal Umar Maya nangtang, 72
 Raja Burdalam ningali,
 tuluy baé Burdalam téh nyandak
 pedang.
- (15) Umar Maya pék dipedang,
 Radén Umar Maya seuri.
 “Béakeun Raja Burdalam,
 ilmu sia raja kapid,
 geura pék pedang téh deui,
 barina nonggengan jubur.”
 Ki Burdalam beuki rasa,
 ambekna kaliwat saking,
 miceun pedang tuluy nyandak kujang.
- (16) Geus kitu tuluy narajang,
 Umar Maya seuri leutik.
 “Aing teu sieun ku kujang,
 aing teu sieun ku bedil,
 sababna aing perjurit.”
 Raja Burdalam ngadawuh,
 Umar Maya aing nyandak pedang
 wilah.
- (17) Disabet jopak sapisan,
 Umar Maya tuluy indit.
 sanggeus ki Burdalam modar,
 nyampeurkeun ka Radén Manteri,
 angkatna téh gadag gidig,
 geus dongkap ka lawang pintu,
 lawangna tuluy dibuka.
 Ku Suwangsa katingali,
 Umar Maya rada saru ka Suwangsa.

XXI. Pupuh Asmarandana

- (1) Radén Suwangsa ningali,
 nyampeurkeun ka Umar Maya,
 bari nyembah tungkul mando.
 “Katuran sampéan uwa,
 bet uwa nyusul ayeuna.”
 Umar Maya téh ngadawuh,
 “Nya sukur alhamdulillah.
- (2) //Ayeuna téh Radén Manteri, 73
 hayu urang pada mulang,
 tada teuing kanjeng tuang rama,
 jeung Munigar tuang ibu,
 melangeun kabina-bina.”
- (3) Deuina Siti Sondari,
 nyampeurkeun Radén Suwangsa,
 bari imut nungkul mando.
 “Kuring kumaha ayeuna,
 eukeur boga kakandungan?”
 Umar Maya téh ngadawuh,
 montong melang Dén Suwangsa.
- (4) Saupama enggeus dohir,
 budak pingaraneunana,
 lalaki pon awéwé,
 mun lalaki Gingga Ménak,
 mun awéwé kumaha dinya,
 Endén bakal jadi ratu,
 di nagara raja Burdalam.
- (5) Lajeng nyahur wakil patih,
 “Manah patih sing iatna,
 di dieu sing hadé-hadé,
 saeusining padaleman,
 manéh téh mudu sayaga,
 beurang peuting kudu ésto,
 masing bener kumawula.”

- (6) Radén Suwangsa téh indit,
sarawuh jeung Umar Maya,
enggeus ngawang ngawang baé.
Teu kacatur di jalanna,
omong ki juru pantun mah,
jauh géh tanwani cunduk,
//anggang géh tanwandé datang. 74
- (7) Kocap geus datang ka nagri,
urang Arab keur kumpulan,
manteri kaliwon ngabérés,
raja sarawuh nagara,
hémpak di payuneun raja.
Amir Hamzah téh ngadawuh,
ka patihna Raja Maktal.
- (8) ”Patih kumaha anak kami,
Dén Suwangsa palang siang,
ayeuna enggeus maot,
kakang Umar Maya lila,
wet kakang teu geura datang.”
Raja Maktal téh piunjuk,
“Henteu hilap kersa raja.”
- (9) Raja-raja keur ngabaris.
Kocap Dipati Marmaya,
torojog sumping baé,
ka payuneun ménak Hamzah,
bari gancang sasalaman,
“Assalamu’alaikum!”
“Alaikum salam”, Kakang Umar
- (10) Siti Munigar ngajerit,
ngarontok Radén Suwangsa.
Emban kabéh patinggarero,
aya nu nyesewék sinjang,
nini-nini uyup-ayap,
Rana Parmana ngarangkul,
garwana Radén suwangsa.
- (11) Urang tunda anu nangis,
ayeuna boro gancangna,
Suwangsa urang cariyos,
geus pada kasalametan,
waluya teu aya cacadna.
- Bagénda Hamzah ngadawuh,
//ka rakana Umar Maya . 75
- (12) “Ayeuna Raka Dipati,
urang ulah sukan-sukan,
Masing hade-hadé baé,
perkara mitoha urang,
Nurséwan jeung patih Maktal,
ayeuna téh nuju kabur,
duka ka mana nya losna.
- (13) Mawi kudu ati-ati,
raja saratus nagara,
reujeung sing sadia parabot,
tumbak potong geura sambungan,
bedil kosong geura eusian,
jeung kudu sadia tambur,
Jeung sakabéh balad-balad.”
- (14) Caturkeun raja Madain,
Ratu Arab urang tunda,
supaya gancang carios,
Patih Bastak Radén Nirman,
sarawuh raja Nurséwan,
“Ka mana urang nya kabur,
kitu euweuh ki Nurséwan.”
- (15) Patih téh tuluy ngadohir,
“Lamun sapuk jeung gamparan,
aya sahiji raja kahot,
di nagara Gupit Réka,
aya nu panggagahna,
sakabéh raja nu mampuh,
sadaya nu kuat.
- (16) Sabab boga patih sakti,
Rajana Jaya Kalana,
wantu-wantu raja kahot,
teu aya deui nu ngungkulan,
kitu saur patih Bastak,
Radén Nirman téh dipungkur,
Raja Nurséwan andika.

XXII. PUPUH PANGKUR

- (1) Ki Nursewan tuluy angkat,
ngan tiluan Radén Patih rejeung patih,
sejana rék ménta tulung,
angkatna téh rurusuhan.
Ki Nursewan patih Bastak,
enggeus tuluy.
Hanteu kocap di jalanna,
kacarita enggeus sumping.
- (2) Kasampak raja keur lenggah,
enya éta ratu kapir Gupit Barji,
Raja Nursewan geus jebul,
ku raja téh dipariksa.
“Sampéan téh urang mana,
semu rusuh?”
Raja gancang ngawalonan,
“Kuring ti nagri Mada’in.
- (3) Purwa dumeuheus ka raja,
warayahna kuring sakalangkung jalma
doip,
mana da gamparan rujuk,
sim kuring meunang karia,
lamun terang jeung salira kawulanun,
kuring seja baktos anak,
anak kuring langkung geulis.
- (4) Ngaranna Siti Munigar,
sarengna deui ngaranna Déwi Bastari,
anak pun patih saéstu,
ngaran patih Bastak téa,
kabéh-kabéh awon henteu kapiunjuk,
tapi ayeuna di Arab,
dipaling ku Jayeng Patih.
- (5) Kuring langkung henteu suka,
leuwih susah boga minantu nu //santri.
77
kuring téh giruk kalangkung,
sabab hanteu satabéat,
jeung sim kuring téh kitu nu mantak
giruk,
saupama Ratu Arab.
- enggeus modar kuring téh bukti.
- (7) Sumeja pasrah nagara,
sareng awak sareng anak jisim kuring,
jeung deui aya piunjuk,
anu mantak henteu kuwat,
kuring perang ku sabab aya buruwang
(sic),
minantuna Patih Bastak,
nya éta nu mantak ijid.
- (8) Ngaranna Ki Umar Maya,
panggélona ana perang cara anjing,
dirontok tonggongun jubur,
dipedang sok lata-lata,
éta kitu purwana kuring piunjuk,
sareng boga jimat kasang,
karamatna leuwih sakti.
- (9) Ari Perbu Jayeng Rana,
leres éta minantu téh jisim kuring,
gagahna kaliwat langkung,
boga gada sangga diman,
kujang karancang sareng gaduh éta
paying,
ngaran panunggul naga,
nya éta nu mantak sakti.”
- (10) Raja téh kebat mariksa,
“Sakitu mah montong susah
montong risih,
da urang géh gagah pamuk,
ka urang teu aya nu kuwat,
balad raja sadayana pada taluk,
//teu aya nu tahan, 78
sabab boga Maling Sakti.
- (11) Tapi rarasaan urang,
Ratu Arab diupamakeun nu mati,
sanggup ngabedah bérok-bérok,
balad Arab leuwih gampang,
lamun kitu ku urang kudu dipalsu,
kantong kasang Umar Maya,
ku urang kudu dipaling.”

- (12) Raja Nursewan ngajawab,
 “Hanteu nyorang kana pikersaeun
 Gusti,
 jisim kuring leuwih rempug,
 mun kitu kersa gamparan,
 jisim kuring ti dinya géh rék miunjuk,
 upama beunang jimatna,
 saupama jalma mati.
- (13) Moal boga daya upaya,
 reujeung moal ajén pangaji saduwit,
 sumawon lamun sayaru(sic),
 moal boga kakuwatan,
 éta kitu purwaning kuring,
 piunjuk Marmaya urang paéhan,
 Ratu Arab urang peuncit.
- (14) Saupama jimat beunang,
 jisim kuring arék nyembah tuuh kali,
 pon dulur meureun sapuluh,
 sareng kuring rék jijingkelak,
 sareng aya jimis kuring bade kaul,
 rék nginum arak-arakan,
 arak aris arak sopi.
- (15) Gancangna geus parantosan,
 Kanjeng Raja nyahur hiji Maling
 Sakti,
 patihna duka jeung segut,
 jembar dada jeung buluan,
 awak pétruk semu heuras reujeung
 segut,
 raja tuluy pék mariksa,
 “Ayeuna Ki Maling Sakti,
- (16) nu mantak ulah reuwas ulah risi ulah
 gimir,
 purwa ku kula disahur,
 kudu ka manéh diala,
 nagara Arab,
 ayeuna téh manéh ku kula diutus,
 maling kantong Umar Maya,
 geus beunang bawa satali.
- (17) Reujeung gada sangga diman,
 éta Perbu Jayeng Pati,
 jeung paneunggeul naga pedang,
 tapina ulah dibawa,
 jimat rana anu rupa payung agung,
 tunda di lawang Marmaya,
 supaya disebut julig.
- (18) Ari kantong Umar Maya,
 kudu bawa éta sanggakeun ka kami,
 ku kami bakal dikubur,
 dina kolong istal kuda,
 éta kitu supaya jimatna lebur,
 sing leungit pangawasana,
 //tah kitu hayang kami. 80
- (19) Patih Maling Sakti dangdan,
 gagancangan ngemban piutusan
 Gusti.
 Raja kebat ngadawuh,
 bagusna sasungguhna,
 ka lukana sudah dapat kuwe pukul,
 lekas sakarang berjalan,
 nanti puas dalam ati.

XXIII. PUPUH KINANTI

- (1) Patih Maling Sakti tuluy,
 kawantu patih perjurit,
 reujeung sakti mandraguna,
 nya éta pun Maling Sakti,
 patih teu aya kabarna,
 keur gagah kasohor sakti.
- (2) Belesur ngapung ka luhur,
 ngalayang campur jeung angin,
 hanteu kocap di jalanna,
 caturkeun enggeus nepi,
 kocapkeun di nagri Arab,
 geus géjlog asa kaindit.

- (3) Umar Maya urang catur,
sarawuh Déwi Bastari,
garwana téh Umar Maya,
jeung putrana Umar Sahid.
Dén Umar Maya andika,
“Nyai kakang lesu teuing.”
- (4) Umar Maya keur ngariung,
eukeur wanci tengah peuting,
Maling Sakti enggeus dating,
ngintip dina pipir kikis,
barina metakeun ilham,
//jampé sirep leuwih matih. 81
- (5) Dén Umar Sahid dipangku,
ku Ayu Déwi Bastari,
Dén Umar Maya kageusan,
kasang dina gelér ngagawing.
- (6) Umar Maya urang catur,
saréna kaliwat saking,
teu inget ka bumi alam,
katerapan ku sirep matih,
Maling Sakti muka lawang,
tempa-tempo alak ilik.
- (7) Barang ningali ka luhur,
kantong kasang téh ngagawing,
dikaitkeun dina gelér,
dicandak kantong ku patih,
tuluy dibawa patih ngageuwat caricing.
- (8) Ki patih gancangna tuluy,
kantong dibawa ku Patih,
seja ka Nagara Arab,
rék maling jimat Amir,
barang datang ka nagara,
nu ngajaga balawiri.
- (9) Patih Maling Sakti nyumput,
dina handapeun caringin,
barina metakeun ilham,
sirep maling sakti matih,
nu ngajaga pagolétak,
saréna kapati-pati.
- (10) Raja-raja urang catur,
panguluna Umar Madi,
ngabayahbah bari calik,
dina korsi //beuteungna ditepak-
tepak. 82
“Beuteung aing gedé teuing.
- (11) Tayoh geus pinuh ku ilmu,
macampur caduk jeung tahi,
pada héran wani hérang,
bari reujeung hayang ngising,
beuteungna guguruwukan,
hayang barang dahar ngopi.”
- (12) Karungu ku Ki Lamdaur,
gancang sampeurkeun Marmadi,
geus kitu tuluy ditanya.
“Naha teu ngeunah teuing ati,
kawas teu boga kasusah,
bet geuraheun Umar Madi.”
- (13) Ki Umar Maya ngawangsul,
“Ku naon teu ngeunah ati,
ari ratu eukeur susah,
urang kudu ngeunah piker,
ulah susah saréan,
mudu saré sela siji.”
- (14) Raja Lamdaur ngadawuh,
“Déngékeun Ki Umar Madi,
ayeuna timbalan raja,
nu saratus nagri kabéh,
kudu jaga-jaga sarta kudu ati-ati.”
- (15) Marmadi ngajawab, “Sukur,
ngan urang mah moal kemit,
pamajikan eukeur olah,
rék nguningkeun jisim kuring,
jeung melang ku pais ketan,
pais tipung leuwih garing.”

- (16) Raja Lamdaur jamedud,
bari nyentak Umar Madi,
//”Kolot-kolot bangkawarah, 83
enggeus euweuh deui harti.”
Ki Umar Madi ngagakgak,
barina jeung jeba-jebi.
- (17) “Ngan kalah ka gedé waduk,
gedé beuteung kurang harti.”
Ki Umar Madi ngagakgak,
“Gedé beuteung kajeun teuing,
jemlung lain paracumah,
eusina jagong jeung huwi.”
- (18) Ti dinya geus teu dicatur,
kocapkeun anu keur kemit,
raja saratus nagara,
keur kemit di pancaniti,
raja-raja keur sadia,
nyandera kornel reujeung Turki.
- (19) Maling Sakti urang catur,
nu rék maling jimat Amir,
matakna sirep meganan,
jalma satengah mati,
balad Arab pagolétak,
singsalegrok nu keur kemit.
- (20) Patih sakti nu rék asup,
muka lawang anggeus amning,
gancang raja téh kasampak,
keur saré di Dalem Puri,
maling sakti muka lawang,
nu rék maling jimat Amir.
- (21) Payung dikelat di luhur,
tuluy dicandak ku maling,
ayeuna mah urang Arab,
tangtuna laleutik //ati, 84
sadayana tangtu susah,
sabab jimat geus dipaling.

XXIV. Pupuh Dangdanggula

- (1) Maling gagancangan indit,
sanggeus beunang payung panunggul
nagara.
Dén Patih geus ngaléos,
urang Arab henteu wawuh,
raja saratus nagara,
henteu aya nu ningali.
Ki Patih geus tuluy indit gagancangan,
barang datang Maling Sakti lajeng
mikir,
bréh neundeun éta jimat.
- (2) Sanggeus beunang jimat tuluy indit,
gagancangan ka Nagri Marmaya bari,
nyorén jimat kantong,
datangna ka alun-alun,
nyumput dina pinggir kikis,
Maling Sakti téh awas,
bari manggul payung,
payung jimat Jayeng Rana,
seug diteundeun ditanggahkeun dina
kikis,
Ki Umar Maya.
- (3) Kocapkeun Maling Sakti enggeus
indit,
nyorén kantong kasang Umar Maya,
ku patih dibawa léos.
Urang Arab téh kacatur,
gégér sadayana manteri,
jimat enggeus heunteu //aya, 85
di lebah ngaguruh kuda,
omat emban ningning,
kocéak tingjalerit.

- (4) Karungu ku raja Maktal,
Patih Maktal disahur ku Kanjeng Ratu
Maktal,
“Tiwas kawulanun,
cilaka perkara jimat,
kaboyong gada reujeung jimat payung,
ayeuna Maktal timbalan raja-raja
sadayana,
mudu pada nyusul.”
Anu mantak kudu sing gancang Maktal,
ieung geus ditimbalan ku Gusti,
Ki Maktal mabal ka luar.
- (5) Raja-raja keur saré garugah,
patih Maktal téh aléwoh
ngahudangkeun,
para raja nu saratus nagri harudang,
sadayana pada lulungu,
ningali ka raja Makta,l
serdadu Léknan Kornél reujeung Turki,
Surantaka sareng Raja Barham,
Jantika jeung Gulanggé Hok Malihok,
Serdadu raja reujeung Raja Api.
- (6) Raja Marjat Surantaka,
Raja agung raja pamuk,
ayeuna timbalan raja,
“Sing iyatna jimat téh aya nu maling,
jeung payung panunggul nagara.
- (7) //Raja-raja ayeuna téh geura indit, 86
geura rahwah(sic) dijero nagara ayeuna
téh,
rahwah(sic) baé jeung sadaya serdadu,
ayeuna téh mudu indit.
Iyang mudal sadayana,
ulah pisan kantong jeung kang raka
Umar Maya,
mudu calik kitu timbalan,
jeung Gusti ayeuna téh Gusti tiwas.”
- (8) Enggeus nyora sakabéh bupati,
raja-raja sadayana angkat,
balad Arab iyang kabéh,
sadayana teu aya nu kantong,
geus dongkap ka luar nagri,
unggal imah didongkapan,
weléh teu katimu.
Barangna datang ka jalan,
béh kapanggih payung kagungan,
jeung Gusti tina kikis Umar Maya.
- (9) Urang tunda carita nu tadi,
ngalajengkeun carita Marmaya,
kapalingan jimat kantong,
Umar Maya hula hilu,
sabab kajayaan leungit.
Déwi Bastari nalangsa,
barina ngawangsul, “Rai,
kumaha petana kasang,
tiwas bet kantong aya nu maling,
ayeuna susah kacida.”
- (10) Guguneman Umar Maya nangis,
jeung raina sarawuh putrana,
sabab jimat //kantong éta, 87
eukeur gunem catur raja saratus
nagari.
Umar Maya pék mariksa,
“Nyai kumaha atuh urang?”
Keur omong-omongan raja,
sumpingna jeung manteri-manteri,
sadayana pada reuwas.
- (11) Raka Patih disahur ku Gusti,
tiwas dipaling jimatna,
ayeuna eukeur susah gedé.
Ki Umar Maya ngadawuh,
“Kantong kula ogéh leungit,
perkara jimat kawula,
ayeuna geus lapur,
duka ka mana angkatna,
arék néangan susahna kaliwat
saking,
kasang téh aya nu mawa.”

- (12) Ka raja-raja sadayana indit,
nyandak gada sangga diman,
jeung payung dicandak léos,
rék disanggakeun ka ratu.
Kocapkeun geus dongkap deui,
ku raja téh dipariksa,
nya éta jimat payng,
pariksaen enggeus paham,
“Na di mana jimat téh?”
“Ieu kapanggih leres ti raka
gamparan.”
- (13) Kanjeng Sultan Perbu Jayeng Patih,
sakti ngamanah,
palang siang ieu jimat Umar Maya,
anu nyokot buktina deui disahur,
teu kuwat-kuwat temonan,
cingcirina //boga dosa, 88
Umar Maya palung,
lamun kitu Umar Maya goreng piker,
belang bayah hurik ati,
ngajak pegat duduluran.

XXV. Pupuh Magatru

- (1) Kanjeng raja sadayana kudu karumpul,
raja saratus nagari,
sadaya kudu karumpul,
sumawonna Radén Manteri,
Raja Kemar Hok Malihok.
- (2) Ti dinya téh sadayana geus pada
kumpul,
raja nimbangan ka patih,
Raja Agung jeung Lamdaur,
sarawuh ka Radén Manteri,
“Déngékeun aing rék ngomong.
- (3) Ayeuna téh sakabéhna balad ratu,
dengekeun timbalan aing,
Umar Maya urang tunding,
ulah sing aya di nagri,
mun teu daék urang bérok.
- (4) Reujeung deui upama Umar Maya
ngamuk,
kudu ditangkep sakali,
sabab bongan lampah palsu,
belang bayah hurik ati,
lampah cara sétan koro.”
- (5) Radén manteri sarawuh raja Lamdaur,
tuluy angkat gadag-gidig,
angkat semu anu rusuh,
kacaturkeun enggeus nepi,
raja huruwas-haréwos.
- (6) Umar Maya ti dinya téh,
//kagét ngaranjug , 89
ningali ka Radén Patih,
sarawuh Raja Lamdaur,
Umar Maya ningali,
rék ka mana manéh entol.
- (7) Radén Mantri sarawuh Raja Lamdaur,
“Kuring sumeja ti nagari,
kaula nun aya piunjuk,
ayeuna téh Uwa kuring,
ku rama piwarang narosan.
- (8) Ari cohagna uwa téh arék ditunding,
Uwa téh teu meunang calik.
Uwa mudu waé undur,
sarawuh jeung Uwa istri.”
Ki Umar Maya téh bengong.
- (9) “Biyang-biyangna kumaha Kanjeng
Ratu,
tara-tara ti sasari,
aing ayeuna ditunding,
keur meujeuhna susah piker,
jimat kantong téh diperod.”
- (10) “Ayeuna téh Kanjeng Ratu téh
nunding,
Uwa lain hanteu ngarti,
ngan Uwa téh eukeur abot,
eukeur susah beurang peuting,
lain Uwa hanteu nyaho.”

- (11) Kanjeng Ratu ayeuna téh eukeur nyupri,
matana aya nu maling,
mending kénéh Jayengperbu,
jimat hanteu kungsi leungit,
kantong Uwa mah kaboyong-
kaboyong.
- (12) Anu matak hanteu gaduh ka Ratu,
téh kitu Uwa Dén mentri ,
unjuk ka Ki Lamdaur,
// Kula eukeur susah piker, 90
lain sabab hanteu estu.
- (13) Ayeuna mah da Uwa téh geus ditundung,
enggeus téga Rai Amir,
Uwa mohal burung tuluy,
ari geus teu meunang cicing,
duka ngétan duka kulon.”
- (14) Ti dinya téh Umar Maya dangdan segut,
bari ngomong ka Bastari.
“Rai urang téh ditundung,
ku Perbu Jayengpati.”
Umar Maya enggeus léos.
- (15) Umar Maya angkatna téh ngulon ngidul,
nangis seja wening ati.
Umar Maya enggeus tuluy,
hanteu dikocapkeun deui,
urang gancangkeun carios.
- (16) Urang tunda paju carita kapungkur,
nya éta Ki Malingsakti,
ti dinya gancangna jebul,
kapayunan Kanjeng Gusti,
oro nyoro jimat kantong.
- (17) Urang catur ayeuna téh,
Kanjeng ratu di nagri Gupit Barjin,
Raja Nursewan ngadaup,
sareng para Ratu Kapor,
naha Patih téh geus jol.
- (18) Sanggeus kitu Patih tuluy kurunung,
katingali ku Kanjeng Gusti,
“Maneh Patih enggeus jebul
kumaha bejana Patih?”
\\”Aya berkah ti sang kantong.” 91
- (19) Ki Nursewan ka Ratu kanjeng ngadawuh,
“Lamun Kanjeng Gusti,
Gusti jisim kuring anu weruh,
katara aya cirina,
sareng di tengahna hejo.
- (20) Mangga baé ayeuna mah Kanjeng Ratu,
yén éta kantong téh sakti,
ku gambaran pundut sanggup,
karamatna leuwih yakin,
naon baé nu kahayang.”
- (21) Sanggahna kana kantong pék ngajungjung,
tandang nyorén kantong sakti,
“Ku aing dipénta sanggup,
sabab teu percaya aing,
jeung menta sariyu kontrol.”
- (22) Ana jebul kantong téh ani saribu,
Raja kalana téh nanging aya kontrol,
dina irung,
dina pipi ceuli,
aya nu dina bobokong.
- (23) Kanjeng baé Raja Nursewan piunjuk,
“Kitu téh nyatana sakti,
nu mental kuring téh bingung,
sabab lain hanteu mahi,
Umar Maya boga kantong.”

- (24) Mangga baé ayeuna geura téh suhun,
pénta karamatna deui,
kontol éta nu sarayu masing leungit,
tanpa lebih,
kontol \\heubeul ka barengkos. 92
- (25) Raja Kapor geus kitu téh humaregung,
sabab hanteu boga surti,
ti dinya téh tuluy mucung,
Raja Nursewan ngadohir,
“Ayeuna mah enggeus yaktos.”
- (7) Urang kapor surakna waé ngaguruh,
kantong kabéh,
pegat kantong mah ngaléos,
dipacarakan kantong kasang Umar
Maya.
- (8) Kabéh kitu téh kantong kasang urang
catur,
kawantu kasang,
kawas rupa kantong saé,
enggeus mulih kana langit jebul kop.

XXVI. PUPUH PUCUNG

- (1) Ki Nursewan ti dinya téh tuluy matur,
ka Jaya Kalana,
“Perkara ieu téh kantong,
ayeuna mah mangga Gusti urang buang.
- (2) Tapi ku kantong téa urang kubur,
di handapeun istal kuda,
supaya kantong teu kotor,
ari geus kotor moal aya karamatna.
- (3) Kanjeng Raja ka Patih enggalna nyahur,
ka Ki Patih sakti téa,
“Patih ieu jimat kantong,
geura ruang di handapeun istal kuda.”
- (4) Tapi kemit ku sakabéh serdadu jaga,
masing nanya sing sadia balad kabéh,
bisi aya nu nyusul ti Nagri Arab.
- (5) Kakocapkeun kantong téh arék dikubur,
geus dicandak ku Ki Patih téa,
kaucapkeun geus sumping baé,
pada kumpul serdadu nu bakal jaga.
- (6) \\Kantong kuda ti dinya geus dikedung,
93
Kantong tuluy ilang,
leungit kantong aya dodot,
basa dodot kadut panggosokan kuda.
- (9) Enggeus datang ka payuneun anu
agung,
ka Nabi Hidir taya,
kantong téh dicandak baé,
Nabi Hidir amaha Subhanallah.
- (10) “Ngéh anaking kantong téh ku naon,
neul Naha Umar Maya,
tangtu meunang susah gedé,
da bubuktina kantongna datang ka
urang.”
- (11) Sanggeus kitu Nabi téh hanteu
dicatur,
gancangkeun Umar Maya,
leumpang sakaparan baé,
Umar Maya anak reujeung
pamajikan.
- (12) Barang dongkap ka patapaan di
gunung,
tepat jeung pandita,
lep ngalim sarta haying,
lajeng eureun Umar Maya téh tiluan.
- (13) Ku Pandita diaku bari dirangkul,
\\dipaké kanyaah, 94
Umar Maya saresah,
ku Pandita ti dinya dipulung anak.

- (14) Lila-lila Pandita tuluy ngadawuh,
 “Manéh masing ngeunah,
 ulah susah ulah kéder,
 masing tetep Umar Maya di
 patapaan.”
- (15) Urang Umar Maya tadi catur,
 kocap Sang Nursewan,
 jeung Raja keur pésta baé,
 Ki Nursewan ka Raja lajeng ngandika.
- (17) “Ulah kagok ayeuna urang ngamusuh,
 kantongna geus beunang,
 Umar Maya tangtu kojor,
 Ratu Arab urang geura paéhan.
- (18) Ka Patih gancang ngutus ulama
 tanggung,
 dosa ayeuna mah,
 estu Ratu Arab urang,
 tangkep mangka beunang.
- (19) Patih Sakti gagancang Raja piunjuk,
 upama geus rempeg,
 sim abdi téh seja narosan,
 saupama Raja Arab enggeus beunang.
- (20) Kanjeng Raja ti dinya kebat ngadawuh,
 “Upama geus manéh,
 tangtu dipersén,
 diunggalkeun kasenangan jeung
 gajihan.”
- (21) Radén Patih lajeng dangdan sarta
 tuluy,
 rék ka Nagara Arab,
 Patih Sakti enggeus ngaleos,
 Gagancangan \\hanteu jalan darat. 95
- (22) Kakocapkeun ngapungna téh luhur,
 hibeurna téh gancang,
 pisan mipir kana méga putih héjo,
 geus ngungkulan ka Nagri Arab saé.

(23) Maling Sakti ayana hanteu dicatur,
 kocap Ratu Arab,
 jaksa pangulu ngabérés,
 Jayengrana ngandika ka Para Raja.

(24) “Ayeuna téh raja sakabéh karumpul,
 mudu sing sadia,
 kaula téh ngimpi goring,
 éta alam aya naon balukarna.

(25) Umar Madi ka Raja lajeng piunjuk,
 “Kula kabéh teu genah,
 duh ngimpi nyokotan endog.
 Sasarina bisul arék bijil nanah.”

XXVII. Pupuh Mijil

- (1) Raja Arab ningal ka Patih,
 “Kumpulkeun parabuh,
 Jendral kerbal kudu kumpul kabéh,
 sumawonna para mantra,
 kaula hanteu ngeunah,
 pikir ...aya musuh.
- (2) Reujeung deui éta para istri,
 nu aya di gedong,
 emban mudu masing ulah,
 paingan heueuh teuing kudu,
 pada nyaring bakal aya musuh.
- (3) Ti nagri naroskeun ka Gusti”
 \\Bakal aya naon Kanjeng Raja weléh,
 96
 baé montong,
 nanya teuing baé anggur geura dzikir,
 neneda rahayu.
- (4) Raja Arab ngandika ka Patih,
 “Méh kudu éstu,
 pikir kula asa ngimpi baé,
 reujeung sing seredet,
 Maktal lajeng nangis,
 kuring géh nya kitu.

- (5) Urang Arab sadaya Perbu Patih,
hanteu dicarios,
Malingsakti kacaturkeun dating,
baé di luhur Ki Patih,
ngintip dina pipir,
kikis salundang-saindung.
- (6) Malingsakti calik bari mikir,
lajeng tempa tempo,
bari maca ilham baé sirep,
jampé anu matih kawantu,
perjurit isimna murubul.
- (7) Nu keur jaga sadayana mantra,
sakabéh geus molor,
hanteu éling pada saré kabéh,
di nagara wani sepi maling,
saantero Ratu,
Arab saré di karsil kérék nyegor-
nyegor,
Raja Maktal di handapeun ranjang,
téh saréna kawas,
nu mati sumping Malingsakti,
semu rada rusuh nyumput.
- (8) Geus ka gedong Malingsakti manjing,
\\bari tempa-tempo, 97
Raja Maktal keur saré nyarandé,
enggeus hanteu lilir,
ari Kanjeng Gusti,
saréna di luhur.
- (9) Malingsakti calik bari mikir,
di jero kedaton,
beuki lila geus kapikir baé,
lajeng mangkat Malingsakti,
kana pipir karsil,
Patih jeung Raja dirawu.
- (10) Raja Patih hanteu usik malik,
da geus diborogod,
Jayengrana jeung Maktal diranté,
hanteu bisa usik malik,
dibawa sakali,
bijil semu rusuh.
- (11) Raja Maktal di luar geus eling,
inget diborogod,
Raja mikir jero manah baé,
“Na ku naon diri aing,
wet aya nu maling.”
Jayengrana bingung..
- (12) Ratu Arab geus dibawa maling,
geus dibawa léos,
Kanjeng Raja dibawa téréh,
Patih Sakti geus nyaring hanteu,
ngambah bumi belesur ka luhur.
- (13) Urang tunda Malingsakti indit,
di Arab carios,
di Pakuan awéwé téh gégér,
sadayana pada ceurik,
Nyi Munigar éling,
ngajerit kalangkung.
- (14) \\Emban sadayana nangis bari, 98
ting garero ku maonam,
adatna awéwé sabab,
kalangkung hawatir ka Gusti,
nu leungit ceurik sing salegruk.
- (15) Nini-nini ceurik balawiri,
tungtungna tidagor,
nu sawaréh nyeureud aki-aki baé,
omongna téh nini-nini,
nini-nini ieu Aki,
naha digugulung.
- (16) Loba pisan wantuning di nagari,
di jero kedaton,
geus karungu ku para Raja,
sakabéh sumawona ku para,
mantri sadayana,
Indit arék muru Ratu.
- (17) “Na ku naon Nyai tingjarerit,
dina jero gedong?”
Nyi Munigar wuwuh nangis baé,
Patih tiwas awak ami,
Kakang téh dipaling.

geuwat geura susul.

(18) Lajeng gégér kabéh para mantra,
sadayana bengong,
para Raja sadayana geus nyaring,
pangulun Umar Madi angkat,
gadag gidig nyampeurkeun ka Ratu.

(19) Anu ngiring para muadin,
sareng jeung marebot,
sarta ka nu \\mukmin-mukmin
barisan, 99
sumaduna santri-santri,
tukang adan kabéh,
ngiring sareng tukang bedog.

(20) Umar Madi nyahur ka bupati,
kula rek nyarios,
“Nya kumaha urang petana téh,
dipikir ku diri kuring,
kasep cik Mar Madi samara boga
Ratu.”

XXVIII. Pupuh Asmarandana

- (1) Mantri-mantri keur badami,
sadayana balad raja,
tumenggung geus ngabaris,
serentak ngandika Raja,
Kemar Abdul Komar hok,
malihok serdadu sumawon,
Raden Suwangsa.
- (2) Urang tunda deui nagari,
kocapkeun nu maling téa,
geus datang ka nagari,
bae Kanjeng Raja geus dicandak,
sumawonna Raja Maktal,
Ratu Kapir keur ngariung,
Patih Bastak jeung Nursewan.

(3) Kaucap Patih enggeus sumping,
Nursewan muka manahna,
“Ayeuna téh peuncit baé,
ieu Ratu Arab téa,
ulah rék dilila-lila,
ayeuna pék geura suduk,
getihna arék dihakan.”

(4) Kanjeng Raja Gupit Barjin,
\\ngandika ka Ki Nursewan , 100
“Paman gampang urang montong,
urang rasa-rasa heula,
abuskeun kana panjara,
campurkeun jeung bangke bau,
sarupa jeung Patih Maktal.

(5) Jayengrana tuluy nangis,
Raja Kapir awak kula,
mangga kula keur potong batan,
dicampur jeung bugang anggur,
kula téh paéhan tinimang,
dihukum kitu kula téh,
teu boga dosa.”

(6) Raja Nursewan ngadohir,
“Montong ngomong sia binatang,
aing teu hayang ngadogo,
teu suka kabina-bina,
boga minantu ka siya,
kawanina salah,
tapakur ayeuna rék dipodaran.”

(7) Raja téh kabéh ngadohir,
miwarang manjara Raja,
Jayengrana geus kabéh,
waksareng Patih téh nimbalan,
ngumpulkeun antéro bugang,
gancangna miwarang ngubur,
dina handapeun panjara.

- (8) Ratu Arab bari pikir,
nalangsa kabina-bina,
hanteu genah rarasaan téh,
aya di jero panjara,
dicampurkeun \\jeung basa milang,
101
bauna ngaliwat langkung,
haneut aya papadana.
- (9) Urang tunda Gupit Barji,
nyaritakeun Umar Maya,
nu ditundung Nyi Arab téh,
nu keur calik di patapaan,
Umar maya suka manah,
ti dinya aing téh nyahur,
ka Pun incu Umar Maya.
- (10) Umar Maya lajeng amit,
maturan ka Kanjeng Eyang.
“Eyang jisim kuring naros,
perkara diri kaula,
ayeuna kuring rék mangkat,
jeung deui aya pihatur,
titip anak pamajikan.
- (11) Ku sabab kantong téh leungit,
anu mawi kuring leumpang,
éta kitu asalna téh,
lain leumpang percumah,
keur aya nu diteangan,
lain nangtung tambah laku,
lain leumpang tambah polah.”
- (12) “Ku aing enggeus kaharti,
manéh eukeur dibenduan,
Pandita geus gano baé,
kantong kasang gera susul,
tapi ulah sayembewara.
- (13) Umar Maya amit deui,
rek nanya ngan kantong kasang,
leumpang sakaparan bae,
asup alas bijil alas,
Umar Maya keur nyaangan,
tapi weléh teu katimu.
- Umar maya susah pisan.
- (14) \\Diturunan bigadir Umar Maya,
102
dipariksa Putu Emban,
eukeur naon cicing dina,
jero alas ku Umar Maya,
ditingal Umar Maya,
tuluy sujud rangkep tangan,
bari nyembah.
- (15) Kitu soca carek tukil,
sabab aya Kanra duwa,
kandah Mataram Cirebon téh,
kandah Mataram Cirebon mah,
séjén pisan caritana Umar Maya,
téh ditundung ari Cirebon jeung
Tegal.
- (16) Ki umar Maya téh lain,
sejena nyusul Nyi Arab,
ari caritana Cirebon téh,
kitu éta asalna ulah,
pahili carita sabab,
aya nu ratu nujuh,
jeung aya wali sasaga.
- (17) Wali nu salapan siki,
duwa puluh lima réka,
eta wali sejena-sejena,
wali dua puluh lima,
kola wali nu salapan,
caritana sunan-sunan,
éta sakabéhna ayeuna.
- (18) Mantak urang kudu harti,
caritana Umar Maya,
jalma téh nya kudu kitu,
masing bener pipikiran.

- (19) Lamun urang salah éta,
 anu kumawula ka ménak,
 tangtuna meunang bebendon,
 sing gapo opat \\perkara, 103
 sari wesi baraja jalma,
 tata titi tindak tanduk,
 duduga jeung peryoga.
- (20) Basa ti titah ti titinggi,
 tata téh sireum nyatana,
 para Nabi hap-hap nu yaktos,
 hap-hap nu leuwih,
 peryoga keyup gedé,
 digegegé sakitu téh,
 beuki rubuh éta misil kumaula.
- (21) Sakunang basa ning geni,
 matak tutung kana awak,
 sabaruka gugon Ratu,
 teu terang matak dibuang.
- (22) Sakitu meureun kaharti,
 misil anu kumawula,
 reungeukeun ku kaula-kaula,
 caritana masing panceg,
 sakitu géh bara-bara,
 aya pitutur sakitu,
 tangtu hibar ti Pangéran.
- (23) Urang catur an tadi,
 Umar maya keur dipariksa,
 nyembah bari tungkul mando,
 “Umar maya ieu kasang,
 manéh ulah susah-susah.”
 Umar maya lajeng imut,
 barina nampanan kasang.
- (24) “Tapi Eyang rék weweling,
 perkara Bagénda Hamjah,
 ayeuna eukeur diboyong,
 hanteu aya di Arab,
 \\sarawuh jeung Patih Maktal, 104
 ayeuna eukeur dihukum,
 geus aya di jero penjara.

- (25) Geus aya di Gupit Barji,
 pinang sarya Nursewan,
 reujeung Patih Bastak kénéh,
 manéh ulah genah-genah,
 ayeuna téh keur leumpang,
 ulah sok inget kapungkur,
 hadé goréng dulur urang.”

XXIX. Pupuh Pangkur

- (1) Umar Maya segut dangdan,
 ngareungeukeun pitutur Nabi Hidir,
 Ki Umar Maya ngaheruk,
 ari ras kagorénganana,
 mandog mayong aya nyaah aya giruk,
 ari ras kahadéanana,
 ka Perbu Jayengpatih.
- (2) Gancang Umar Maya dangdan,
 gadag gidig segut bari nyawet singkil,
 jimat isim pék disuhun,
 jimat kasang disoréndang,
 Nabi Hidir ti dinya hanteu dicatur,
 Umar Maya nepak kasang,
 bari maca jimat isim.
- (3) Kasang-kasang urang leumpang,
 kantong kasang ditepak-tepak
 mukiking,
 belesur ngapung ka luhur,
 Umar Maya ngawang-ngawang,
 wantu-wantu Umar Maya langkung,
 segut dastarna wani ngahéang,
 kadupak ku angina tarik.
- (4) Umar Maya urang tunda,
 \\urang catur rajana di Gupit Barji ,
 105
 Jayengrana keur dihukum,
 Nursewan suka manahna,
 Patih Bastak Raden Nirman keur
 ngariung,
 eukeur pésta sukan-sukan,
 ngahareupan opor baé.

- (5) Perbu Jayengkalana,
nya eta Ratuna di Gupit Barji,
ka Ki Nursewan ngadawuh,
“Kumaha paman petana Raja Arab,
ayeuna eukeur dihukum mudu,
kira-kira heula supaya,
nyeurieun pikir.
- (6) Raja Nursewan unjukan,
bari surak-surakna waé ngahihih,
ayeuna téh leuwih sukur,
saupama enggeus modar,
jisim kuring boga kaul rék ngabunuh,
nguyup getihna tada teuing,
meureun amis.”
- (7) Raja Kalana Wisesa,
mangpur Sewan ayeuna sing suka ati,
mangke téh ari dihukum,
digantung di awang-awang,
sing nerangan digantungan genta sewu,
genta siluman kawasa mohal lila tangtu
mati.
- (8) Raja Nursewan haturan,
“Pun Paman mah kalangkung percaya
ati,
\\pikir teu ngénca ngatuhu, 106
Paman geus bisa percaya,
ayeuna mah anak jisim kuring ngatur,
nu ngaran Siti Munigar,
sarawuh Déwi Bastari.”
- (9) Raja lajeng miwarangan,
“Ayeuna mah manéh Patih Malingsakti,
perkara Jayeng satru,
ayeuna bawa ka luar,
ti panjara sarta kudu di mapling,
tambalung sarawuh jeung Raja,
Maktal ku manéh bawa sakali.
- (10) Pepekan madya ponggawa,
Jendral Koronel sarawuh Perbu
Patih,
serdadu saratus tambur,
nya éta nu tukang jaga,
poe Ahad mangké kentasewu
kantong,
dikelan di awang-awang,
sarta di sisi basisir.
- (11) “Lihat lu kupunya mata,
gua kata denger lu ku punya kuping,
Nyai nanti bésok hari Saptu,
gua hendak pergi,
ronda barangkali sekarang ada,
yang nyusul ti rumah gua berangkat,
perjurit téh mesti nganti.

XXX. Pupuh Kinanti

- (1) Ti dinya Ki Patih tuluy,
geusan datang ka Pancaniti,
\\gempungan jeung sadayana, 106
jaksa pangulu papatih,
urang kapir geus sadia,
mepkeun di pancaniti.
- (2) Patih Sakti pék ngadawuh,
nimbalan ka mantri-mantri.
“Ayeuna mantra ayeuna,
sadaya déngékeun nimbalan,
aing ayeuna dawuhan,
Raja rék ngahukum Jayengpati.”
- (3) Sadaya hatur piunjuk,
ngiring sakersana Gusti,
pasti geus kitu nimbalan,
kaluar Jayengpati,
sarawuh jeung Patih Mental,
ayeuna bawa sakali.

- (4) Gancangna téh pada tuluy,
nyampeurkeun penjara beusi,
hanteu kocap di jalana,
kareta enggeus néang,
penjara lajeung dibuka,
Amir Hamjah enggeus bijil.
- (5) Jayengrana ditambalung,
sareng jeung Maktal papatih,
dicandak diréyang-réyang,
diiringkeun ku perjurit,
nu ngiring balaksa-balaksa,
kawantu perjurit kapir.
- (6) Ka surakna wani ngaguruh,
dibawa kana basisir,
sarawuh-sarawuh jeung patih,
Maktal Jayengrana lajeng,
nangis dikelan di awang-awang,
bijil ti panjara beusi.
- (7) Gancangna dibawa tuluy,
ka basisir enggeus nepi,
\\serdadu manglaksa-manglaksa, 107
ngabaris dina basisir,
Ki Patih Maktal di handapeun,
diringkus ku ranté beusi.
- (8) Enggeus kitu tuluy kacatur,
Rajana di Gupit Barji,
sarawuh Raja Nursewan,
sareng ki Bajo Papatih,
Raja téh geus mariksa,
ka ki got Patih Maling Sakti.
- (9) “Ki Patih kumaha atuh,
perkarana Jayengpatih?”
Ki Patih lajeng unjukan,
“Perkarana Jayengpati,
sumuhun enggeus dikelat,
di dinya dina basisir.”
- (10) Raja Nursewan piunjuk,
haturan ka Kanjeng Gusti.
“Kuring téh bade unjukan,
mudu dimanah ku Gusti,
sabab leumpang Umar Maya,
perjurit ti Puseur Bumi.
- (11) Bisi Umar Maya nyusul,
sabab sakti liwat saking,
bisi Umar Maya nyamar,
tah kitu kainggis kuring.
- (12) Wantu bisa nyalin patut,
bisa rupa aki-aki,
tampolana rupa budak,
lampahna téh cara jurig,
ditanggalna sok ngajentul,
ana perang buburincat,
ka cerek reujeung,
\\reujeung nampiling. 108
- (13) Diteungeulna sok ngajentul,
barina jeung heubajeuni,
tah kitu matak héwa,
Umar Maya cara iblis,
ari jauh ngagupayan,
ari deukeut sok nampiling.
- (14) Ayeuna kuring piunjuk,
haturan ka Kangjeng Gusti,
lain kula teu percaya,
ngan urang sing seug ati-ati,
ronda sadaya timbalan,
wurukan masing prihatin.
- (15) Jeung deui di lembur-lembur,
sebut nu aya di nagari,
nu matrol mudu iyatna,
masing nyaring beurang peuting,
sanajan rupana budak,
mun aya tangkep sakali.”

- (16) Raja téh tuluy ngadawuh,
nimbalan ka Malingsakti.
“Bener omong mang Nursewan,
urang kudu ati-ati.”
Raja Nursewan unjukan,
“Kapungkur geh cara jurig.”

XXXI. Pupuh Pangkur

- (1) Raja Nursewan ngandika,
ka enya éta ka Ki Patih Malingsaktié,
“Eta perkara serdadu,
ayeuna kudu ditéang,
bagi opat ngalér ngétan,
ngulon ngidul.
- (2) \\Beusi aya Umar Maya, 109
tuluy tangkep geuwat peuncit Ki Patih,
ngageuwat iang gagancangan,
geus dongkap ka Pancaniti,
Timbalan kabeh tingali serdadu ayeuna,
kudu ngajaga nanya,
urang kudu budal kabéh serdadu,
Tumenggung Jendral jeung sérsan,
urang kudu ati-ati.”
- (3) Ti dinya teu kacarita ,
urang ganti ku carita anu tadi.
Umar Maya basa nyusul,
leumpangna ka awang-awang,
Umar Maya jimatna isimna disuhun,
geus ngungkulan ka nagara,
Umar Maya lungsur linggih.
- (4) Kantongna Ki Umar Maya,
kantong kasang ditepak-tepak
mukiking,
ka sang aing arék malsu,
jeung dipenta karamatna,
hayang jadi aki-aki,
anu sepuh Umar Maya salin rupa,
jebul jadi aki-aki.
- (5) Tuluy leumpang lalaunan,
kumaonam royah-royah aki-aki,
bawana brusna jeung iwung,
wantuning lampah nu nyamar,
ku ma onam aki-aki anu sepuh dating,
\\kana pangkonan ku,
110
perjurit pék kapanggih.
- (6) Dipariksa ku sadaya,
wantu-wantu nu ngajaga balad kapir,
dirubung ku serdadu,
“Aki manéh urang mana,
royah-royah bari nanggung éta
iwung?”
Aki-aki pék ngajawab,
“Jisim kuring urang sisi.”
- (7) “Naha aki rék ka mana?”
Tuluy jawab aki téh bari micicid,
“Sim kuring rék néang incu.”
“Aki di mana ayana?”
Aki nyawad, “Incu kuring keur
babakul,
tapi aya di nagara,
ditengan teu kapanggih.”
- (8) Geuwat sabab ieu waktu eukeur heurin
matak,
aki ulah laju sabab,
dawuh Kangjeng Raja keur di,
aki geura mulang,
patrol anajan rupana sepuh,
teu beunang teu ditalian,
kudu baé pék di bui.
- (9) Aki-aki téh ngajawab, “Sugan mohal,
da kuring mah aki-aki,
kuring moal kieu kitu,
ari hanteu diteangan,
sabab nyaah jisim kuring,
téh ka incu sim kuring,
nyuhunkeun maaf arék liwat mas
perjurit.”

- (10) \\Aki-aki ditenggeulan, 111
 nu sawaréh nu ngajejek nu nampiling,
 anu nendang anu nyuduk.
 Aki-aki seuseurian,
 heureuy temen silaing tembak padu,
 Aki téh tuluy dicandak,
 dialungkeun leuwih tarik.
- (11) Aki tuluy ragrag cedan,
 jelegedeg jadi Umar Maya deui,
 Umar Maya humaregung,
 “Audzubilahiminassaitonm
 ngeh paingan urang Kapir hanteu
 patut,
 teu aya rarasanana.”
 Umar Maya maca dzikir.
- (12) “Ki Umar Maya ngamanah,
 bari linggih Umar Maya dipikir,
 “Kumaha sangkana lulus?”
 ku Umar Maya kamanah,
 ngeuh paingan amis alah batan madu,
 ngeunah alah batan gula,
 aya pahit aya manis.

XXXII. Pupuh Dangdanggula

- (1) Umar Maya nangis dina ati,
 lajeng maca Umar Maya sucana,
 étah neda ka Alloh,
 “Sayaktos moga-moga,
 ka nu agung aing masing ,
 tepang deui jeung rayi,
 Bagenda Hamjah moga-moga,
 panjang umur Umar Maya,
 papak ka sang ,
 neda-neda pangéran Maha.”
 Suci belesur ka awang-awang.
- (2) \\Umar Maya tarikna kaliwat saking,
 112
 gancang pisan ngapungna,
 di awang-awang nyampur reujeung.
 mega kuning ningali.
 anu ngagunuk barangna geus katingali.
 Umar Maya gagancangan.
 ti luhur téh lungsur barang geus dating.
 ka handap awas pisan nu kemit.
 bakti-bakti Kapir keur susurakan/
- (3) Umar Maya maca jimat isim.
 nepak ka sang ménta karamatna.
 balad Kapir masing héés.
 isimna wani murubul.
 isim sirep anu matih,
 kawantu ka sang kawasa.
 Umar Maya turun,
 ari geus datang ka handap jalan ka,
 basisir nepangan ka Raja Maktal.
- (4) Patih Maktal saréna kaliwat saking,
 Patih Maktal kasampak,
 ku Umar Maya ngéh Maktal,
 Manéh bet kérék Umar,
 Maya maca
 adzubilahiminasaitonirajim.
 “Eh manéh Raja Maktal,
 kawas lain pamuk bet,
 éléh ku urang ku per bet kawas lain
 teu, dakting abani Maktal,
 geuwat geura hudang.”
- (5) Patih Maktal kagét hudang nyaring,
 bet ngarénjag ningali ka Umar,
 \\ka Umar Maya Maktal, 113
 tuluy nangis baé kakang.
 “Kuring Gusti tulung kuring,
 tiwas manggih mati sareng,
 Gusti ngarah teu aya nu di luhur,
 Den Umar Maya ngandika,
 ranté beusi ku Umar,
 Maya digitik ranté téh tuluy ucapan.

- (6) “Patih Maktal manéh geura indit,
geura mulang ka nagri Arab,
jeung manéh téh masing-masing hade,
jeung deui aya parahu,
manéh kudu jalan cai,
ari geus datang ka Arab,
kumpulkeun serdadu ,
jeung saratus raja-raja,
kudu bawa ngarurug,
ka Gupit Barji,
sarta kudu sadayana.
- (7) Raja Maktal ti dinya téh tuluy,
indit enggeus mulang ka Nagri Arab,
Ki Umar Maya tuluy,
bari pék naék ka luhur,
kana pangheuleutan beusi,
Umar Maya téh,
kebat rék naék ka luhur genta,
siluman disada ramé pisan,
para wantu genta téh sakti,
nya eta genta siluman.
- (8) Umar Maya maca jimat isim,
nepak-nepak ka sang ménta kapuh,
\\sakur sakoronjo wanca,
114
genta dicocokan kapuk,
genta lain beuki leungit,
anggur beuki reuwas,
disada ngaguruh Umar Maya jéngkél,
pisan tuluy baé talina,
ditarik-tarik urang Kapir pada hudang.
- (9) Balad Kapir kagét liwat saking,
barang tanggah kana pangheuleutan,
Umar Maya eukeur nangkod,
serdadu Kapir ngaguruh,
barina ting baruncelik,
jalma enggeus pada wasa,
ningali ka luhur,
Umar Maya rareuwas tuluy luncat,
rék ka laut tarik,
Mar Maya kabawa ombak.
- (10) Urang Kapir gancang laporan ka
Gusti,
ka Kanjeng dumeuheus ka raja-raja.
Raja Nursewan téh nénjo,
pongawa anu rék matur,
Raja téh kagét ka Patih.
“Rék ka mana manéh?”
Pongawa semu anu rusuh,
mentri téh lajeng unjukan,
“Kaulanun purwa dumeuheus kagét,
ayeuna téh tiwas.”
- (11) Perkarana Perbu Jayengpati,
reujeung Maktal téh geus tuluy
dilepaskeun,
ku Umar Maya tadi,
\\ngan kari Jayeng nu aya, 115
di luhur jisim kuring,
serah badan réhna ngabdi,
nyanggakeun bebendu Gusti,
nanti laki urang kila.”

XXXIII. Pupuh Kinanti

- (1) Raja Nursewan piunjuk,
haturan ka Kangjeng Gusti.
“Téh kitu Gusti patina,
Umar Maya cara jurig,
ayeuna mah geura laan,
anggur dipanjara beusi.”
- (2) Ti dinya patih disaur,
ditimbangan ku Kangjeng Gusti.
“Perkara Ki Jayengrana,
ulah di sisi basisir.”
Bagenda Hamjah dilaan,
ku sakabéh mantri-mantri,
dicandak dirayang-rayang,
bari dipanjara beusi.

- (3) Geus kitu hanteu kacatur,
kacarita anu tadi,
Umar Maya basa ragrag,
dibawa ku lambak tarik,
dongkap ka tengah sagara,
ku nakoda téh kapanggih.
- (4) Ki Nakoda téh ngaranjug,
marikasa ka juru mudi,
Ki juru mudi ngajawab,
“Aya naon Kanjeng Gusti?”
“Itu naon di sagara?
Kawas rupa aki-aki.”
- (5) Ki Umar maya didayung,
dikait ku juru mudi,
dipariksa ku nakoda.
“Urang mana manéh Aki?”
Ki Umar Maya ngajawab,
“Kuring tukang ngala teri.”
- (6) “Asalna kuring kalebuh,
nu mantak kuring palid,
tah kitu kuring asalna,
awak kuring Kanjeng Gusti.
ka tukang gamparan arék ka mana?
sareng di mana nya nagri?”
Ki Nakoda pék gandika,
“Nya ka aing di Gupit Barji.”
- (7) Barang aing raksaribu.
Sukur manéh aki-aki,
lamun rék cicing di urang.
Aki purah ngala cai,
jeung aing rék tutu wayan,
dagang ka séjénna nagri.”
- (8) Tapi ayeuna mah tangtu,
tuluy ka Gupit Barji.
Ti dinya babar kabar
geus dongkap ka Gupit Barji,
diparamti palabuhan,
ditepis wiring nagari.
- (9) Umar Maya humaregung,
barina jeung utah ngising,
nyeri beuteung bobodoan,
supaya meunang ka sisi.
Ki Nakoda téh timbalan,
miwarang ka juru mudi.
- (10) “Juru mudi bawa itu,
kasampak aki-aki,
pék dititah hanjat ka darat.
“Keur naon bet matak ijid.”
Umar Maya téh dicandak,
dialungkeun ka basisir.
- (11) Dina pinggir pisan laut,
Umar Maya miwuh leutik,
barina kakarandangan,
api-api cara gering,
kapendak ku Nyi rangda,
tukang kebon Kadarmanik.
- (12) Kadarmanik dulur Ratu,
rajana di Gupit Barji.
Ku Nyi rangda dipariksa,
“Urang mana manéh Aki,
jeung aki arék ka mana?
Jeung kula anyar pinanggih.”
- (13) Umar Maya lajeng matur,
jisim kuring eukeur gering,
ngaran kuring Aki Singa,
tatapi asalna kuring,
ménta nyiar pakulian,
tapi weléh hanteu manggih.
- (14) Jeung deuih kuring piunjuk,
madak luntur manéh Bibi,
jisim kuring rék bubujang,
kuring karunya ka Bibi,
sim kuring rék bubujang ,
kuring karunya ka Bibi,
sim kuring seja tulungan,
nanggung kasusahna Bibi.

- (15) Ku rangda miskin di aku,
sukur alhamdulillah,
lamun kersa babarengan,
nanging Bibi leuwih doip,
\\manéh Bibi suka pisan,
sampéyan téh kersa calik. 119
- (16) Umar Maya maung kidul,
Bari maca jimat isim,
pepek-pepek kana kasang,
“Kasang aing ménta duit,
tapi kudu uang emas,
kira-kira bakal mahi.”
- (17) Bijil uang emas ratus,
pacampur pérak jeung picis,
dibikeun ka bibi rangda,
rangda miskin jadi sugih.
- (18) Ti dinya hanteu dicatur,
urang catur anu tadi,
Ratu Arab Jayengrana,
eukeur di panjara beusi,
para Nyai guguneman,
istri nu di dalem puri.
- (19) Nyi Kadar Manik ngadawuh,
timbangan ku Nyai Emban,
“Kumaha béjana Ratu Arab?”
Jayengpati Emban sadaya,
enggeus di panjara beusi.
- (20) “Ngan Emban kumaha atuh,
aing wet karunya teuing,
béjana téh Ratu Arab,
lucu kasep liwat saking,
aing téh ku hayang tepang,
hayang nyaho Jayengpati.”
- (21) Emban sakabéh piunjuk,
“Nyai leresna téh teuing,
basana eukeur ngaliwat,
jeung jisim kuring kapanggih,
- diiringkeun kuku mendang,
arék dipanjara beusi.
- (22) Nyi kadar Manik ngadawuh,
bari sadia sakali,
lemareun jeung kadaharan,
harma roti jeung biscuit,
rék angkat kana panjara,
nya éta Nyi Kadar Manik.
- (23) Kacaturkeun enggeus tuluy,
urang carita nu kemit,
serdadu manglaksa-laksa,
anu kemit Jayengpati,
Nyi Kadar manik téh susah,
ningali anu keur kemit.
- (24) Barang geus dongkap ka pintu,
maca sirep leuwih matih,
nu ngajaga pagolétak,
Pada tunduk liwat saking,
Nyi kadar Manik haturan,
Ka Perbu Jayengpati.
- (25) Perbu Arab pék ngadawuh,
“Bet aya soara istri.
Saha éta nu di luar?
pet Nyai sumping ka kuring.”
Nyi Kadar Manik haturan,
“Jisim kuring hayang panggih.
- (26) Kuring téh aya piunjuk
leres ogé kuring istri
tapi kuring aya \\seja 120
ka Perbu Jayengpati.
Hanjakal ku Ratu Arab,
boro baé tedak nabi.
- (27) Ari béja leuwih mashur,
kocap gagah Jayengpatih,
naha wet beunang ku ngakal,
beunang dipanjara beusi,
boro lalanang sajadad,
teu bisa ngagisik beusi.”

(28) Raja Arab téh melenguk,
semu anu rada isin,
aya istri leuwih gagah,
da geus kersaning yang Widi.
Ti panjara ditepak-tepak,
lebur ancur jadi cai.

(29) Nyi Kadarmanik ngarangkul,
ka Perbu Jayengpati.
Jayengpati ngadawuhan,
“Mangga eling manéh Nyai,
kapan kakang téh sakitan,
ulah samar manéh Nyai.

XXXIV. Pupuh Asmarandana

- (1) Reungeukeun ieu ku Nyai,
hartikeun masing ka mana.
Na kumaha ayeuna téh?
da Engkang tangtu diarah,
karana rék dipaéhan.”
Nyi Kadarmanik piunjuk,
“Engkang téh ulah salempang.
- (2) Rai téh sumeja ngiring,
mangga urang ka imah,
urang ka jero kadaton,
mangké Kakang dipindingan,
ku kuring rék dirawatan,
\\satingkah polah nu nyumput, 121
enggeus nyimpé urang mulang.”
- (3) Ti dinya tuluy arindit,
Ratu Arab Jayengrana,
disumputkeun kana pangkéné,
diaping ku emban-emban,
jeung ditindihan ku bantal,
dina samak pinggir kasur,
salebeting padamelan.

(4) Urang catur anu tadi,
anu kemit Jayengrana.
Mentri sakabéh gegeh,
sakitan enggeus teu aya,
jeung panjara jadi ruksak,
sakabéhna lebur acur,
Jayengrana hanteu aya.

(5) Mentri sarawuh papatih,
lumpat laporan ku raja.
Patih mantri rusuh nya baé,
datang ka payuneun Raja.
Ku Raja pék dipariksa,
“Patih ku naon bet rusuh,
kawas nu aya karaman?”

(6) Patih enggal matur deui,
“Gusti ayeuna téh tiwas,
sakitan kabur ngaléos,
teu aya bahanna,
jeung hanteu aya jalanna,
jeung deui panjara lebur,
diruksak ku Jayengrana.

(7) Sim kuring nyanggakeun pati,
jeung nyanggakeun bendu raja,
saréhing abdi talédor,
kurang duga peryoga,
\\kabéh lain teu inyana, 122
ngan sim kuring téh kapalsu,
nah kitu nu matak susah.”

(8) Susah Raja Madain,
ngadohir Raja “Montong.
pamit susah tangtu éta ngaléos,
da moal di mana aya,
tangtuna aya di rangda,
atawana dinu ayu,
da ngan sakitu gawéna.

- (9) Raja téh miwarang patih,
 “Ayeuna geura neangan,
 ka istri-istri di gedong,
 besi aya di parawan,
 atawa aya di rangda,
 lamun kapanggih pék suduk,
 supaya bawa ceulina.”
- (10) Ki Patih ngagoak indit,
 gagancangan ka paseban,
 nyahur para mentri,
 kabéh ningalan ka raja-raja,
 “Nagara kudu dirobah,
 ulah aya nu kalawung,
 sumawonna rangda-rangda.
- (11) Sanajan bari nanya,
 Nyi sukur anu boga imah,
 sanajan di kedaton ogéh,
 teu meunang hanteu dirobah,
 bisi aya Jayengrana,
 téh kitu Ki serdadu,
 timbalan Nyi Kanjeng Raja.
- (12) Lajeng para mentri indit,
 ngarahuh jero nagara,
 teu aya budak teu aya kolot,
 anu aya di nagara ,
 teu beunang teu ditéangan,
 sanajan kampekna butut,
 \\kudu dibuka dilaan. 123
- (13) Gancang para mentri indit,
 rék néangan Jayengrana,
 awéwé rangda budak kolot,
 hanteu aya nu kaliwat,
 urang borokeun gancangna.
 Kanjeng Raja urang catur,
 ayeuna eukeur nimbalan.
- (14) Ayeuna téh mentri-mentri,
 néangan Ki Jayengrana,
 saréhing enggeus ngaleos.
 Ayeuna aing téh susah,
 kumaha pikarepeun,
 urang lamun teu kapanggih,
 bingung kumaha pinyusuleunana.”
- (15) Catur nu di dalam puri,
 para istri emban-emban,
 ka Nyi Dewi keur marendo.
 “Kumaha urang petana,
 perkara salaki urang,
 mun kapanggih tangtu rusuh,
 ménak téh meunang hukuman.”
- (16) Saurna Nyi Kadarmanik,
 “Urang ayeuna nyieun ngakal,
 supaya ulah katémbong,
 perkara Jayengrana,
 urang pék bungkus ku samak,
 tuluy gulung maké kasur,
 poé ka luar tunggelan.”
- (17) Nyi Emban gancangna indit,
 ngalieuk kasur reujeung samak,
 gancangna dibawa baé ,
 dipoékan ka buruan,
 di jerona Jayengrana,
 \\ngakal awéwé-awéwé,
 124
 sakitu supaya ulah katara.
- (18) Kocap Patih Malingsakti,
 angkat rusuhan pisan,
 sanajan arék ka gedong.
 Kacaturkeun enggeus dongkap,
 ku Nyi Déwi dipariksa,
 “Patih manéh semu rusuh
 rék naon kersa sampyéan?”

- (19) Patih ngawalonan ka Putri,
 “Piwarang ku tuang Raka,
 numawi kuring ka gedong,
 rék ngerihan ka padaleman,
 sabab Jayengrana lepas,
 kuring ngan darma diutus,
 lain leumpang teu karuhan.”
- (20) Nyai Déwi Kadarmanik,
 “Patih manéh bangkawarah,
 kapan kula téh sadérék,
 da kula lain nu édan,
 da kula lain nu kocap,
 da kula lain nu burung
 musuh dulur diurusan.
- (21) Parandéné manéh Patih,
 lamun Patih teu percaya,
 geura lawan angka panggang,
 atawa kapujoran,
 dina naon kasukaan.”
 Ki Patih ngageuwat,
 tuluy ngarahrah di pajaran.
- (22) Tapi weléh teu kapanggih,
 dikotrék rék hanteu aya.
 Emban seuseurian baé,
 \\di buruan baturna , 125
 kasurna ditarenggeulan,
 semu nu teu aya kabingung,
 para Emban suka-suka.
- (23) Nyi Kadarmanik ngadahir,
 “Patih ari panasaran,
 mun itu kasur dipoé,
 kasur anu ditenggeulan.
 mun manéh hanteu percaya.”
 Cik Patih sakti teu umum,
 mohal dinu kitu aya.
- (24) Mantri kabéh wara-wiri,
 nu néangan Jayengrana,
 di nagri gégér kabéh,
 tapi weléh teu kapendak.
 Diubek-ubek teu aya pagunungan
 kabéh lebur disurak-surak ku Patih
 téa.
- (25) Ayeuna téh tunda deui carita,
 anu kaocap kocapkeun anu baréto.
 Umar Maya keur bujang,
 di Bibi rangda miskin.
 Jadi mampuh,
 beungharna kabina-bina.
- (26) Ki Umar Maya ngadahir,
 popoyan ka Bibi rangda.
 “Bibi kula rék naros,
 cicing téh geus lawas pisan,
 reujeung Bibi enggeus beunghar.
 Kaula téh amit mundur,
 kaula érék babarang.
- (27) Nyai Rangda miskin nangis,
 “Rék babarang naon téa?”
 “Kuring rék \\babarang bituk, 126
 jeung maké jejelemaan,
 nu bisa ngigel sorangan,
 tatabeuhan ngélék jibrut,
 tah kitu anu diseja.”
- (28) “Sim kuring mah seja ngiring,
 hanteu bisa madalangan,
 pikersaeun naon baé,
 naon anu dipimanah teu aya,
 lian teu suka mangga,
 kitu soté bari mujung,
 manahna aya ka putra.”

XXXV. Pupuh Pucung

- (1) Umar Maya ti dinya téh maju,
babarang ka pasar,
geus dongkap ka pasar gedé.
Umar Maya ku lurah pasar ditanggap.
- (2) Jeung baturna ngan sahiji rada burung,
ngaranna Ki Wirobodan,
dipasieup di pasar téh,
ramé pisan di pasar ramé kacida.
- (3) Ditanggapna di pasar kudu sasuku,
jeung leuwih sabénggol,
hanteu pisan meunang géséh,
reujeung solawat béas sasuluk.
- (4) Reujeung deui kudu nganggo payung
agung,
pupuluna hésé pisan,
kéjo ketan jeung tampélé,
babasahna kudu sinjang kapal kandas.
- (5) Eta kitu \\jalma nu mantak bingung, 127
nu nanggap bogoh pisan,
jalma pada susah baé,
sabab éta pépéntaan hanteu jamak.
- (6) Kacarios tukang jibrut ka nu agung,
yén nu ngamén ngolég,
goncakan bisa ngaronggég,
éta kitu nu matak hayang uninga.
- (7) Ramé pisan di daleman Emban kitu,
pada ngomong sadayana.
“Aceuk kakarék ngadéngé
ti ngongora samgé incu opat belas.
- (8) Aya jalma gawena babarang jibrut,
ari éta baturna,
ngalagé ngaranna Ki Wirabodorm
reujeung deui ngolegna meta sorangan,
- (9) Ti dinya téh ku Nyi Déwi pék disaur,
Emban nu keur lemek.
“Emban aing hayang nyaur,
aya béja di pasar anu babarang.”
- (10) Enggeus kitu Emban téh tuluy
piunjuk,
“Nun sumuhun yaktos,
pisan malah kuring enggeus,
ngadéngé tatapina loba pepentaana.
- (11) \\Eta jeun teuing Emban ayeuna los
saur, 128
geuwat-geuwat manéh Emban.”
Gagancangan Emban léos,
barang dongkap, dongkap ka pasar
éta kapendak.
- (12) “Tukang jibrut ayeuna manéh disaur,
manéh masing téréh,
ka padaleman ka gedong,
burhan mah kumaha kari paménta.”
- (13) “Eta kitu kasauran Nyai Ayu,
ayeuna mah paman mangga,
Paman téh ka gedong baé,
sabab Nyai éta palayeun uninga.”
- (14) Tukang jibrut gancangna tuluy
sumaur,
“Emban sasuku baé,
lamun kersa mah Sang Katong,
reujeung deuih tatambahna dua
pasmal.
- (15) Reujeung deuih kudu nganggé pais
tipung,
opak pisang goring,
bako tampang jeung gegemblong,
lalawuhna ketan urab lauk jambal.

- (16) Eta kitu lamun kersa kaula nun.”
Aki indit jeung Emban,
gancang ngaleos,
barang dongkap kapayuneun Déwi
Ratna.
- (17) \\Dipariksa ku Ratna tukang jibrut, 129
“Manéh Aki urang mana,
goréng patut jeung belegug,
jisim kuring asalna ti Tulang
Bawang.”
- (18) “Reujeung deui saha ngaranna tukang
jibrut?”
Kuring téh Wijaya,
batur kuring Wirabodor.
Eta kitu gamparan kuring asalna.
- (19) Sareng deui sim kuring aya piunjuk,
lamun miwarang,
éta rangé wong ngan kudu,
poma ulah eukeur réa jalma.
- (20) Reujeung deui kudu di jero kolambu,
kitu petana téh,
lamun baé hayang nyaho,
éta golék anu ngigel ramé pisan.”
- (21) Sanggeus kitu Emban dipiwarang
mundur,
tuluy mundur sakabéh,
ngan kari nu baris,
kolot lajeng baé seug didangdanan.
- (22) Jayengrana dina jeroning kulambu,
“Geuning ka Kang Umar,
éta geuning cirina kantong.”
Jayengrana teu tahan geuwat ka luar.
- (23) Umar Maya ti dinya tuluy ngarankul,
\\ka Jayeng Palugon, 130
Nyi Kadar Manik téh bengong,
“Euh paingan Umar Maya kawasa.
- (24) Ti dinya téh tunda deui teu kacatur,
carita sing téréh,
sabab jauh kénéh lalakon,
selo sakitu géh ku jalma meureun ka
manah.
- (25) “Tuang rai Kakang téh aya piunjuk,
urang ayeuna téh,
urang angkat masing hade,
api-api cara di panday téh urang.
- (26) Reujeung deui perkara Nyi Dewi
Ratu,
Kadarmanik téa,
omongan nu masing hade,
supaya urang téh ulah katara.
- (27) Ti dinya téh Nyi Déwi lajeng disahur,
diwurukan baé.
“Nyai kudu hadé-hadé
ari raka Nyai ayeuna rék mulang.”
- (28) Sanggeus kitu Nyai Kadarmanik
piunjuk,
“Mangga Kakang mulangm
tapi ulah lawas baém
atawana panglawasna //satengah
bulan.” 131
- (30) ”Nyai Ratna manéh téh sing sungguh-
sungguh.
Kakang mohal lawas,
ngan wates puluhna poé,
meungpeung anom Kakang téh rék
nyieun pedang.
- Ieu wawacan namana Kendit Birayung
waktu didamelna (w.l ?) bulan puasa
tanggal 14 Isa sampe (w.l ?) Sawal
tanggal 10 hari Rabu
wallahu alam bissawab.

Lampiran 1

Kode Mikrofilm

Lampiran 2

Stempel Universiteit Bibliotheek Leiden

Lampiran 3
Lampiran 4
Lampiran 5
Lampiran 6

Lampiran 7
Teks Kaca Mimiti

Lampiran 8
Teks Kaca Panengah

Lampiran 9
Teks Kaca Pamungkas (131)

Lampiran 10
Daftar Indeks dina Naskah